



ABIGISHWA BA YESU KRISTO

BAHINDURA ABANDI KUBA NABO

ABIGISHWA BA YESU KRISTO

IGITABU N° 1 –

**IGITABU COSE HAMWE KIGIZWE N'INYIGISHO Z'INGENE USHOBORA KUZANA ABANDI KURI YESU,
KUBARERERA MURIWE NO KUBAKOMEZA**

GUKUNDA. KWUMVIRA. KUBWIRA ABANDI.

KURABIRA HAMWE ITUNGANYWA RY'INYIGISHO ZA BIGLIFE



"Ntabe ari twebwe.Uhoraho, ntabe ari twebwe, arikw'izina ryawe abe ariryo uha icubahiro, kubw'imbabazi zawe n'ukuri kwawe • Zaburi: 115:1

Yesu Krito yahamagariye abamukurikira gukunda Imana, gukunda abandi, no guhindura abantu abigishwa nabo bahindura abandi bigishwa birwiza mubihugu vyose.

Inyigisho za Biglife zifasha abizera kwinjira muri ubwo buzima bwuzuye kandi bwagutse bw'umunezero aribwo : Guhindura abantu abigishwa ba Yesu Kristo. Izo nyigisho zifasha kandi gukuraho urwitwazo abakristo bakunda kuzana mukwanka kubarira abandi 'Ubutumwa Bwiza' canke Guhindura Abandi Abigishwa ba Yesu Kristo. Urwo rwitwazo bakunda kuzana akaba ari uru: Ntamuhamagaro wavyo mfise canke Ntavyo nigishishijwe. Haba kukazi canke aho tubaye twese duhamagariwe: Gukunda Imana, Gukunda abantu no Kubahindura abigishwa. Izi nyigisho zibatera intege zo gushira mungiro ibikoresho bahabwa.

Twisunze Matayo 28: 19-20, Tukisunga kandi Imihamagaro 4 dukura muri Bibiliya, inyigisho ya BIGLIFE itwigisha :KUBERA IKI ? Twese duhamagariwe gusangira n'abandi ubutumwa bwiza. Turafasha kandi abizera kumenya NINDE dushobora gusangira Ubutumwa Bwiza? GUTE nobikora mugusangiza inkuru yanje(intahe) n'inkuru yerekeye Imana:ubutumwa bwiza, nisunze imico yiwe.


Turigisha abakristo ingene botegura abigishwa hagati mu migwi iwabo kugirango umuntu wese ayirimwo ashobore gufata ingingo yo kuba umwigishwa imsi yose ,yaba umwana w'imyaka10 canke uwukuze w'imyaka 80 n'iyerenga.Ico nico twita: UMURWI WO KUNYWANA NO GUKURA. Kwumva, kwumvira, no kubwira abandi ivyo wumvise ku Mana ni ngirakamaro mu guhindura abandi abigishwa ba YESU KRISTO. Kandi umurwi wo KUNYWANA NO GUKURA urakoresha intambuko igizwe n'ibice bitatu mugushika kuntumbero yawo. Igice ca mbere kiraba umwitwarariko ; ica kabiri: Kwiga Ijambo ry'Imana muhanahana ivyiyumviro ; ica gatatu: cerekeye kugushira mungiro izi ngingo: Kwumva no kwumvira. Ubumwe, Amasengesho no Gutazira Imana navyo birakorera mu murwi. Kubera ko imigwi yoroshe kurongorwa, iranoroshe kwirwiza. Abigishwa bashasha ntibigishwa gusa gusangira intahe zabo nabo barikumwe mu mugwi ariko bariga ingene bohindura abo bazanye kuri Kristo kuba abigishwa ba YESU KRISTO mu kibano cabo. Imigwi mishasha irakorwa ikabandanya ivugana n'iyindi mirwi mu kubateguramwo abarongozi no gutanga inyigisho kuri iyo mirwi mishasha. Rimwe narimwe imirwi yose izohurira hamwe mu ntumbero yo kwungurana ubumenyi no guterana intege.

Ibindi bikoresho vy'ivugabutumwa:Kugira urugendo uriko urasenga, Isengesho ry'umuzingi canke ry'uruhererekane, kandi imigwi y'abarongozi irabaho mugihe c'inyigisho. Ingingo zo guhindura abantu abigishwa ba YESU KRISTO no kwirwiza nazo zirigishwa; nko mu kurondera abantu b'abanyamahoro. Hakoreshejwe: Gufasha, Kugenda gutanguza imigwi mishasha n'ingingo zokwibako kuburyo uwizera wese ategerezwa kubikora.

Mumpera z'inyigisho abitavye bese baruzuzura urupapuro rw'amezi atatu. Uwabigishije inyigisho za BIGLIFE azobandanya abakurikirana muri ayo mezi akurikira kugira abahimirize gukoresha ibikoresho bahawe muguhindura abigishwa ba Yesu Kristo. Mugukoresha ibikoresho n'amasengesho menshi no kwumvira ico Imana ibahamagarira gukora buri ndwi/yinga mu mugwi wanyu, umugwi urashobora kwirwiza mu gihe abigishwa bahinduye abandi abigishwa nabo bahindura abandi bigishwa benshi. Ico nico twita Umurwi w'Ivugabutumwa ushobora gukubura igisagara canyu; Reta yanyu; igihugu canyu kandi ushobora gukwira Isi yose bikozwe n'abigishwa bo kwizigigwa bumvira gusa ico Yesu Kristo abasaba gukora!

ICAMWA KIRYOSHE NI ABIGISHWA

- Mu camwa kimwe harimwo ivyamwa bingahe mu gihe cigwije ;nk'akarorero umucungwe?
- Mu mbuto z' umucungwe umwe harimwo imicungwe ingahe muri kazoza?
- Muri kino kibanza harimwo abigishwa ba Yesu ba kazoza bangahe?



KUNYARUKA

- Kunyaruka kurakenewe. Ishengero rikura ku muvuduko udashobora gushikira ukurwirana kw'abantu muri iki gihe. Kubera ko ari icipfuzo c'Imana ko ubwiza bwayo bwuzura kw'isi ,dutegerezwa kurondera abigishwa barondera abandi bigishwa kuburyo umuvuduko w'ugukura kw'ishengero wiyongera cane n'ingoga kurusha umurindi w'irwirana ry'abantu kw'isi. .
- N'imiburiburi buri segunda umuntu umwe arapfa kandi akaja mu muriro:muri gihenomu.

ITOMORABIKORWA RYA BIGLIFE

- Igikorwa ca Biglife ni: "Uguha akaryo abizera bo kw'isi yose kwegera abo mu kibano kandi bakabahindura abigishwa ba Yesu Kristo ."

KWUMVA ...NO KWUMVIRA IJWI RY'IMANA



UMWIMENYEREZO: Gutonda buri gihe mu migwi mitomito mu mu ntumbero yo kuvugana uko igikorwa cagenze.



GIRA IMYIMENYEREZO: Kwumva ico Imana ibabwira.



Soma iyi mirongo itwigisha kwumva no kwumvira ijwi ry'Imana:

- Yohana 5:19
- Yohana 8:47
- Yohana10:27
- Yohana16:13-14

INSIGURO YO KUBA UMWIGISHWA

INSIGURO Y'IJAMBO UMWIGISHWA YAKUWE MURI KAZINDUZI(DICTIONAIRE) :

1. Umunyeshure w'umwigisha canke w'ishure
2. Umwigishwa w'igihe kirekire wa Yesu
3. Umuntu yakira kandi akongera agashira mungiro inyigisho z'uwundi muntu.



"Gende muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatize mwizina rya Data n'iry'Umwana n'irya Mpwemu yera , kandi mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose . Umve ndikumwe namwe imisi yose gushitsa kumuhera w'Isi."


- Matayo 28:19-20



Mwiyumvire insiguro y'umwigishwa mubice bitatu:

"Ni **uwakira**, **agashira mungiro**, kandi **akigisha** amategeko ya Yesu."

IGIPIMO CO GUSUZUMA IGIKORWA



Kumenya



Kwumvira



Kubwira abandi



Kumenya



Kwumvira



Kubwira abandi



Ubumenyi ntibugomba kuba bwinshi gusumba kwumvira no kubwira abandi



"Twiga biciye mu kwumvira kwacu aho kubandanya turondera kumenya vyinshi imbere yo kuba abumvira".

-Abarongozi ba Biglife muri Pakistan


GUTAHURA INSIGURO Y'ISHENGERO

IJAMBO "ISHENGERO"RIKORESHA MU NZIRA ZITATU MURI BIBILIYA :

1. Ishengero rusangi [Matayo16:18]
2. Ishengero ryo mukibano canke ryo mukarere [Ivyahishuwe 3:1]
3. Ishengero ry'abantu rikorana mu nzu [ivyakozwe n,intumwa 5:42; abikorosayi 4:15]

Yesu yavuze ko ivyagezwe vy'Imana vyo mw'isezerano rya kera rishobora gushigwa muri make muri aya majambo :Gukunda Imana n'umutima wawe wose, n'ubwenge bwawe bwose, n'ubugingo bwawe bwose, hamwe no gukunda abandi nk'uko wikunda [Matayo22: 36-40]. Turashobora kandi gushira mu ncamake amabwirizwa ya Yesu mw'isezerano rishasha mu :GUHINDURA ABANDI KUBA ABIGISHWA BASA NA YESU kuko ivyo bisigura kubigisha kwitondera ivyo yatugeze.

Imiryango mu buryo bw'Impwemu igizwe n'abantu bakunda Imana,bakunda abandi kandi bahindura abandi abigishwa, ni Amashengero. Dusigura ayo mashengero asanzwe nk'umuryango usanzwe wo muburyo bw'Impwemu aho kristo ari Umwami ,aho abantu bakunda Imana,aho abantu bakunda abandi aho abantu bashishikara guhindura abandi abigishwa bigwiza. Igikogwa cabo ntikirindira inyubako, abarongozi, ubutunzi canke urutonde gwamaho. Ntakibi kirimwo murivyo kuko ibintu bitobito bisanzwe bigwira ningoga kandi mu buryo bworoshe. Kubw'ivyo duhitamwo kurekera ivyo bikoresho ishengero ryo mukibano canke ryo mu karere kuberako rikura kubw'igwirirana ryayo mashengero asanzwe.



Ijambo :Ishengero mu kigiriki ni: ECLESIA. Abahamagariwe gukorana. Raba ico bita ishengero, Ni abahamagawe na Kristo mw'isi kugira ngo bakorane hamwe. Si inyubako, si ubutegets, si ishira hamwe canke imisa yo ku wamungu/w'IMANA. Ivyo vyose birakorwa mw'ishengero mugihe abantu bakoraniye mu kibanza kanaka ariko sivyo bigize insiguro y'Ishengero Bibiliya itanga. Ku bindi bijanye n'inyigisho, turakoresha ijambo UMUGWI. Tugashimikira k'Umurwi wo Gukura no Kunywana, n'ukuvuga umugwi w'abizera bakorana hamwe kugira bigishanye, bafashanye, bongere bunge ubucuti mugihe barondera Gukunda Imana, Gukunda abantu, no Guhindura abandi abigishwa.

KWIRWIZA

IBINTU BITO BITO BIRWIRA N'INGOGA


- Uwizera wese ategerezwa kumenya ibi: Kwubwira abandi Ubutumwa Bwiza, Guhindura abandi abigishwa, no Gutanguza Imigwi.

MBEGA NDI UMWIGISHWA AKWIYE KWIRWIZA ?

- Kurwira imisi yose ntirisigura ikintu ciza.
 - Ntidushaka kurwiza abigishwa babi.
- Akarorero ka Aburahamu
 - Ntiyari uwera ariko Imana yaramutoranije ku bw'ukwumvira kwiwe.
- Kuba abigishwa twese duhamagarirwa kwumvira uwaduhamagaye mu kurwiza abizera kristo benshi aho duherereye hose mu murwi.

AKAMARO KO KWIRWIZA :

- Twebwe twenyene ntidushobora gukwira Isi.
 - Dutegerezwa kurondera abigishwa nabo barondera abandi bigishwa
 - Dutegerezwa gutanguza imirwi ya Biglife yirwiza.
- Gushira mu ngiro Itegeko rya 2 Timoteyo 2:2



KUBERA IKI ? NA NDE ? GUTE ?

Iki n'icirwa c'intango mutegerezwa guherako muriko murigisha abizera canke abakristo bakera guhinduka abigishwa ba Yesu.

KUBERA IKI Imana yadukijije? Kubera ko idukunda [Yohana 3:16-18]. Imana ishaka ko dusangira iyo nkuru nziza n'abandi.

Imihamagaro 4 / Amakegeko4:

Amategeko 4 [Matayo 28: 19-20]

1. Nimugende
2. Muhindure abigishwa
3. Mubabatize
4. Mubigishe kwitondera

Imihamagaro 4

1. Umuhamagaro uva Hejuru : Mariko 16:15
2. Umuhamagaro uva Hasi: Luka 16: 27-28
3. Umuhamagaro uva Indani: 1Abikorinto 9: 16-17
4. Umuhamagaro uva Hanze: Ivyakozwe 16: 9


NA NDE twosangira ubutumwa bwiza ? Nibarya bantu mufitaniye imigenderanire. Muyandi majambo, n'umuryango wawe, incuti , abagenzi, abo mukorana, ababanyi n'abandi bantu bose mufitaniye imigenderanire.

- Andika amazina y'abantu 20 badafitaniye imigenderanire myiza n'Imana. Bandike kurupapuro rwera. Sengera ayo mazina usabe Imana ikwereke abantu 5 uzobwira Ubutumwa Bwiza muri iyi ndwi itanguye [Kora urutonde rw'abantu 100 mugihe mushitse kucirwa ca3 c'intambuko yambere].

Ni GUTE twobwira abandi Ubutumwa Bwiza bw'AGAKIZA? Kumushingira intahe no kumubarira inkuru yerekeye urukundo rw' Imana.


- Nigute mwosangiza abandi Intahe yanyu mu minuta itatu canke musu y'itatu:

- ➡👤 Vuga ubuzima bwawe IMBERE yo gukurikira YESU.
 - ✝ Vuga icatumye muhitamwo gukurikira Yesu.
 - 👤➡ Vuga icahindutse mu buzima bwawe INYUMA yo gukurikira Yesu.
 - ❓ Ujeje kumubarira Intahe yawe, ntiwibagire kumubaza ikibazo cerekeye urukundo rw'Imana. Kumubwira intahe yawe ni ukugira uronke akaryo ko kumubwira inkuru yerekeye Urukundo rw'Imana.
- Hariho uburyo bwinshi bwo kuvuga inkuru yerekeye urukundo rw'Imana. Raba uburyo bumwe bwitwa ubw'im



AMAZINA Y'ABANTU MUSHOBORA KUBONANA

Andika amazina y'abagenzi, abo mukorana, abakunzi n'abandi bose mushobora kubonana. Kubatarakira Yesu Kristo canke abo utazi nakimwe bashingire intahe y'agakiza, ubabwire n'inkuru yerekeye urukundo rw'Imana. Bahimirize kandi gutanguza umugwi wa Biglife wo kubandanya igikorwa. Babwire kandi kwuzuza urupapuro rwanditseko abantu bashobora gushikira (20 canke 100). kandi wihweze abarugize.



KORA UMWIMENYEREZO: Andika amazina y'abantu 20 canke 100 [abizera n'abatizera]

	Amazina y'abakristo	Abatari abakristo	Ntavyonzi
1. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
2. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
3. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
4. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
5. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
6. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
7. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
8. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
9. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
10. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
11. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
12. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
13. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
14. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
15. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
16. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
17. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
18. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
19. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
20. _____	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

- | | | | |
|-----------|--------------------------|--------------------------|--------------------------|
| 21. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 22. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 23. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 24. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 25. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 26. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 27. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 28. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 29. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 30. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 31. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 32. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 33. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 34. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 35. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 36. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 37. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 38. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 39. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 40. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 41. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 42. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 43. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 44. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 45. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 46. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 47. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 48. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 49. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |

- | | | | |
|-----------|--------------------------|--------------------------|--------------------------|
| 50. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 51. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 52. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 53. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 54. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 55. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 56. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 57. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 58. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 59. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 60. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 61. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 62. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 63. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 64. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 65. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 66. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 67. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 68. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 69. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 70. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 71. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 72. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 73. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 74. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 75. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 76. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 77. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 78. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |





- | | | | |
|------------|--------------------------|--------------------------|--------------------------|
| 79. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 80. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 81. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 82. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 83. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 84. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 85. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 86. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 87. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 88. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 89. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 90. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 91. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 92. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 93. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 94. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 95. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 96. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 97. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 98. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 99. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 100. _____ | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |

INTAHE YAWE Y'UKUNTU WAKIJIJWE

SHINGIRA INTAHE MUGENZAWA KUVYO IMANA YAGUKOREYE MU BUZIMA BWAVE: igihe ugomba gusangira intahe yawe n'umuntu utazi kugira umubarire ubutumwa bwiza ; vyoba vyiza ubivuze bigabuwe mu duce3:kahise kabo; kahise kawe hamwe n'inkuru y'Imana n'ivyo yaremye. Imbere yo gutangura, banza umubwire inkuru y'urukundo rw'Imana, hanyuma haca haza vya bice3:intahe y'ubuzima bwiwe; intahe y'agakiza yawe; intahe y'urukundo n'agakiza bikomoka ku MANA.

INTAHE YIWE : Ni vyiza ko uhamagarira uyo muntu kuvuga inkuru y'urugendo rw'ubuzima bwiwe bw'impwemu ; bituma uca uronka aho ufatira mu gutondeka no gutunganya intahe yawe y'agakiza canke y'ingene wakijijwe hamwe n'Intahe yerekeye urukundo rw'IMANA, kugirango bishobore kwuzuzanya canke guhura n'ibibazo afise, hanyuma abone gufashwa cane mu bibazo asanzwe afise hamwe n'ivyo yiyumvira kandi yubaha, mbere aha n'ikibanza ca mbere.

INTAHE YAWE Y'AGAKIZA: WIBUKE KUVUGA INTAHE YAWE MU BICE 3 .NG'AKA AKARORERO KO KWISUNGWA MU GUSHINGIRA INTAHE UMUNTU MU MINOTA ITATU GUSA

-  Vuga utomora neza kandi werekana ubuzima bwawe imbere y'uko wakira Kristo
-  Erekana ikintu catumye ufata ingingo yo kwakira Kristo no kumukurikira
-  Erekana ubuzima bwawe inyuma yo kwakira Kristo hamwe n'itandukaniro ry'ubuzima bwawe n'ubwa kera ku bw'ico Kristo yakoze.
-  Mu guheraheza intahe yawe y'agakiza umubaze ibibazo kugirango inyishu zavyo zikurongorere kwerekana no gutomora urukundo rw'Imana. Ikindi ni uko izo nyishu zirongora uwo muntu ngo akubwire intahe y'ubuzima bw'iwe nimba yarahindutse canke atarahinduka.

MENYA NEZA: Mu gihe ugomba gukoresha ubundi buryo canke iyindi nzira mu gushingira intahe umuntu; uzokwame werekana ingene IMANA yakoze ikintu cahinduye ubuzima bwawe : ingene yagukijije ivyago canke ingorane; ingene yagukijije indwara; yagukijije ubusuma; akaborerwe; ubusambanyi n'ibindi n'ibindi.



IMYIMENYEREZO: Andika INTAHE yawe y'agakiza aha musibye uhejeje uce wimenyereza kuyisagira mugenzawe









INTAHE Y'URUKUNDO RW'IMANA

Hari uburyo bwinshi woshobora gukoresha mu kudondora intahe y'urukundo rw'IMANA "UBUTUMWA BWIZA". Nta nzira canke urutonde rwo gushinga intahe rusumba izindi; zose zirangana. Uburyo umuntu avuga intahe yiwe burashobora kuba butandukanye n'ubwa mugenzi we kuko bivana n'ivyo umwe wese amenyereye, hamwe n'ivyo yacyemwo mu buzima, hamwe n'ivyo amenyereye. Biravana kandi n'ubuzima abayemwo, bivanye n'idini canke ishengero iri aho abaye canke aho aherereye. Hari uburyo bumwe buboneka nk'ubworoshe ku bantu benshi. Ni urutonde rwo gukoresha inkuru Nyamukuru y'IJAMBO RY'IMANA uhereye ku kuremwa ukageza ku musu wo gucirwa IMANZA. Nimba ata rundi rutonde uzi neza; wokoresha urwo kuvuga inkuru ihera kw'iremwa igahereza ku musu w'URUBANZA.

INKURU ITANGURIRA KW'IREMA IGASHIKA IGIHE CO GUCIRWA IMANZA



AGANJE

Ubwa mbere na mbere;IMANA yaremye isi yikwije "ata gahonzi canke ingorane ifise".Imana yagize umunyamuryango umuntu yaremye.Umuntu yikuye ku MANA arayigarariza mu gukora icaha c'umugararizo maze akwega icaha n'akaga canke ivyago ku bantu bose. Ku bw'ivyo acayikwegera we nyene ubwiwe gukurwa mu muryango w'abana b'IMANA.



AKAZA

Imana yararungitse umwana wayo w'ikinege kugirango asubizeho ubucuti canke imigenderanire myiza hagati y'IMANA n'umuntu yari yagararije.YESU yabayeho ubuzima bwejejwe: butagira icaha.Yarakoze ibitangaza, yarasenda abadayimoni, agakiza abarwaye benshi mu ntumbero yo kubagaragariza urukundo n'ububasha hamwe n'inkomezi vy'IMANA.



AGAPFA

Naho vy'ukuri YESU yabayeho ubuzima butagira icaha vyabaye ngombwa ko apfa; yahisemwo gupfa urupfu rwo ku musaraba kugirango arihe umwenda canke arihe ikiguzi c'ivyaha vyacu.



AKAZUKA

Yarahambwe mu mva canke mu ruhafu. Data akabona uburwaneza bwa YESU KRISTO, ikiguzi c'ivyaha vyacu yatanze mu kwemera gupfa mu gishingo cacu hamwe no kudupfira kugira dukire umugararizo arico caha. Ku bw'ivyo Data mu gushingira intahe ubwo burwaneza yaciye amuzura mu bapfuye ku musu ugira gatatu ari mu mva. Ku bw'ivyo turatahura ko YESU IMANA yabambwe ku musaraba azira ivyaha vyacu, nico gituma igihe cose twatuye tukongera tukihana ivyaha vyacu hanyuma tugasaba ubushobozi Bwiwe ngo butubeko duca twemererwa kuba mu muryango w'abana b'IMANA kandi aca aduha MPWEMU YERA kugirango agerere canke abe muri twebwe kandi aganze muri twege.



AKURIRA


Yesu yamaze imisi mirongo ine aha kw'isi inyuma y'ukwuzuka mu bapfuye.Yabwiye abigishwa biwe barindire bazoronke ubushobozi bwa MPWEMU YERA maze bazoce bakwiragira mw'isi yose bahindure amahanga yose kuba abigishwa nabo ba YESU KRISTO; maze babone kwinjira mu muryango w'abana b'IMANA.Ahejeje ivyo hanyuma yurira mw'ijuru abigishwa biwe bamuhanze amaso barangamiza mu kirere.



ARAGARUTSE
VUBA

Vuba na bwango YESU agiye kugaruka guhora abansi biwe bose hamwe n'abanse kumwizera, kandi araza vuba kuganza mu bwami bwiwe aganzanye n'abari mu muryango w'abana b'IMANA.

UBUHINGA BW'INTAMBUKO 3



AYO NI YO MAJAMBO DUKWIYE GUKOresha MU GUKOresha UBU BUHINGA BW'INTAMBUKO ZI 3.

Uyu musu tubaye mw'isi yononekaye ikongera igahumanywa n'ivyago. Witegereje ahariho hose urashobora kubona ibintu nk'ivyo; nk'akarorero indwara, ishari, intambara, imiryango yasambutse hamwe n'ingo... Hari ivyago vyinshi cane mw'isi. Ariko uyu si wo mugambi w'IMANA kuva mw'irema canke mw'itanguriro ry'isi. Imana yari fise umugambi mwiza wikwije ku buzima bwacu. Uwu muvumo canke uku guhumana kw'isi, kwavuye ku co BIBIRIYA yita icaha. Icaha ni ukunanirwa kwumvira itegeko ry'IMANA ariko kugarariza mu kurondera gutorera inyishu y'ibibazo vyacu twebwe nyene ubwacu duciye mu nzira zacu twirondereye. Ivyo vyacye bidukwegera akarambaraye arivyo vyago n'ingorane mw'isi. Iherezo ni uko ivyo vyago vyadukwegeye urupfu ari rwo gutandukana. Urwo rupfu ni utandukana n'IMANA ibihe yose: Soma Abaroma 3:23 hamwe na Abaroma 6:23. Ariko IMANA ntigomba ko tubaho ubwo buzima bwononekaye kandi burangwa n'ivyago, niyo mpamvu Iduhamagara ngo twakire umwana, tumwizere, hanyuma tumwumvire kandi tumwubahe.

Nico gituma IMANA ubwayo yaduciriye inzira, iyo nzira ikaba ari YESU KRISTO. Igihe YESU yaza mw'isi yacu yanduye canke yahumanye, YESU yaritanze we nyene ubwiye ku musaraba, biciye muri urwo rupfu vyatumye twemerwa n'IMANA. Kandi urwo rupfu yapfuye ni rwo twege abanyavyaha twari gupfa, yapfuye mu gishingo cacu kandi yaradupfiriye ku bw'ivyaha vyacu. Yarabambwe, arapfa, arahambwa, hanyuma ku musu ugira gatatu arazuka mu bapfuye. Umubiri wiwe warababajwe ku bwacu. Umusi ugira gatatu ari mu mva yarazutse mu bapfuye aca aba atwugururiye inzira yo gushobora kuva mu mugararizo w'isi yanduye. Abantu baragerageza gukora ibintu vyinshi mu kwironderera inzira mu guhangana hamwe no gutorera umuti ibibazo bihanze iyi si yanduye kandi yahumanye biciye mu madini, mu bitangaza canke utwumiza ariyo mareba mu kirundi, mugutanga inzhabu n'ifeza ari bwo butunzi, inyifato nziza ya gishingantahe, indero rufasoni, ibiyayura mutwe canke ibiyovya bwenge hamwe n'ibinyobwa biboreza, ariko nta kintu na kimwe muri ivyo vyose gishobora kudukura mu kutikwiza co ngere kidukureko umuvumo n'umugararizo twakwegewe n'icaha. Inzira ishoboka ni imwe gusa mu gukurwako umuvumo n'umugararizo, ni ukwakira YESU KRISTO nk'Umwami n'Umukiza mu buzima bwawe. Mu gihe twemeye kureka inzira mbi y'ukugarariza tukava mu vyaha vyacu hanyuma tukizera ko YESU KRISTU yadupfiriye hanyuma akazuka mu bapfuye, turashobora kuva mu mugararizo n'ivyago maze tukabona kwunga ubucuti n'IMANA hamwe no kwinjizwa mu mugambi w'IMANA ku bw'intumbero y'ubuzima bwacu. Natwe tumaze gukora ivyo turashobora gutumwa n'IMANA hanyuma tukagenda nk'uko YESU nawe yatumwe, kugirango natwe tugende dushikire abarushe n'abananjwe n'ivyago maze tubafashe mu buzima bwabo kwinjira muri iyo nzira ibinjiza mu mugambi w'IMANA bitwinjiza mu BWAMI BW'IMANA.

Ubu rero hari imirwi ibiri y'abantu. Hari abantu bariko barondera UBWAMI BW'IMANA hamwe n'abandi bacibereye mu buzima bwo kuremerwa n'ivyago n'umugararizo vyo muri iyi si yanduye. TWOKWIBAZA IKI KIBAZO: Turi hehe turavye umugambi w'IMANA; wewe wiyumvira ko uri hehe?

Uburyo canke ubuhinga bwa 3 ni "IRERESI YIVUGABUTUMWA" VIDEO: www.vimeo.com/happybiglife/3circles



KORE IMYIMENYEREZO: mwigie guhera kw'Iremwa gushika ku musi wo gucirwa imanza canke intahe igizwe n'intambuko canke uduce 3, uvyandike aha musi:



KORE UMWIMENYEREZO:mwigie guhera kw'Iremwa gushitsa ku musi wo gucirwa imanza canke intahe igizwe n'uduce3.


ABANTU B'ABANYAMAHORO

Soma Ivyanditswe Vyera - Soma Ruka 10: 1-11[Murashobora gusoma kandina Matayo 10: 5-14]

Ingeso z'umunyamahoro:

Ruka 10:

- V. 5 – Ariteguye kukwakira
- V. 6 –Aranezerezwa n'uko umwipfuriza inkomezi
- V. 7 –Araguha ikaze iwe
- V. 7 – Arashobora kuguha imfashanyo igihe abishoboyeye



Intumwa ikora iki:

Ruka 10:

- V. 1 –Bagenda babiri babiri
- V. 2 – Asenga IMANA itume abakozi bayo
- V. 3 –Aca mu vyago bikomeye bimukikuje
- V4 –Asiga imyitwariko y'ivy'isi inyuma
- V. 4 – Ntatakaza umwanya
- V. 5 – Aragendera kandi akaja kuramutsa abandi
- V. 6 –Atanga inyishu nziza yo kwakira inkomezi
- V. 7 – Yifatanya n'abandi
- V. 9 –Asenga IMANA, atanga ugukira bikenewe
- V. 9 – Atera intege abandi
- V. 9 –Yamamaza inkuru y'UBWAMI BW'IMANA
- V. 10 – Mugihe batamwakiriye, atishuwe,nta hambara, abamenyesha ko UBWAMI BW'IMANA buri hafi; arangije agaca yigira.

MURI MAKE

- Senga usaba DATA atume abakozi benshi; genda icyo IMANA igutumye.
- Tumbera icakujanye mu kwamamaza UBWAMI BW'IMANA mu karere urimwo. Ntutakaze umwanya: ubaze kandi wongere usobanurire abantu.
- Gendera abantu b'abanyamahoro IMANA yagutumyemwo hanyuma ubatumire nabo baze ku kazi canke aho ubaye mbere bishoboka bazanane n'abangenzi babo.
- Ramutsa abantu wongere ubabaze ibibazo bijanye n'ubuzima bwabo bw'IMPWEMU .
- Niyo bakwishura neza sabiranire inkomezi kandi ubabaze ibibazo vyiza bikwiye vy'inkuru y'AGAKIZA.
- Mu mwanya ukwiriye mwicarane n'uyo muntu hamwe n'abangenzi biwe; wifadikanye n'abo ubasobanurire canke ubatahuze ivy'AGAKIZA.
- Ubatere intege mu ku bashingira intahe y'ubuzima bwawe bw'ubu; ubabwire inkuru y'AGAKIZA hamwe n'imirongo yo muri BIBIRIYA ikerekana; n'ibindi n'ibindi....
- Ugire umwete imisi yose kandi wame ugendera mu kuri.
- Mu gihe batakwishuye neza;bamenyeshe ko utanezerewe hanyuma wigire.

RONDERA ABANTU B'ABANYAMAHORO :

- Abazobaha ikaze kandi bakaba bafise inyota yo kwumva UBUTUMWA BWIZA. Abazokubaza ibibazo [atari ukukubarira ivyo babonye ariko bashaka kumenya ivyo wabonye]
- Mbega, uriteguye gukoranya umuryango wabo, umurwi canke ishirahamwe ngo ubigishe ivya BIBIRIYA hagati mu migwi mitomito?



ABANTU B'ABANYAMAHORO NI ABANTU B'IMPWEMU KANDI BAKIRA ABASHITSI MU NGO ZABO.

BITEGUYE GUHAMAGARA ABAGENZI N'INCUTI NGO BASESANGURIRE HAMWE BIBIRIYA MU MIGWI MITOMITO CANKE MU MIHANA/NZU IWZBO.



KURONDERA IMIGWI Y'ABANYAMAHORO:Rondera abantu biteguye basanzwe bari mu mugwi hanyuma ubafashe kuba umugwi w'abigishwa ba YESU KRISTO maze nabo bashobora guhindura abandi kuba abigishwa ba YESU KRISTO(Bafashe nabo kuba umugwi w'abigishwa wa Biglife).Akarorero: umugwi w'abakinyi b'umupira w'amaguru, umugwi w'abakobwa canke w'abahungu, umugwi w'abanyeshengero;...

ICIGWA CA MBERE C'UMUGWI WA BIGLIFE




Soma ku rupapuro rukurikira utahure urutonde rw'ukuntu ibintu bigenda igihe mukoranye mu migwi ya Biglife. Ariko ubwa mbere, wibuke cane kwifashisha ivyanditswe aha musu:

KUBAZANYA UMWUMWE WESE BIFISE IKIMAZI NTANGERE [Igice ca mbere 1]

- Ushaka gufasha abigishwa ba YESU bumvira, ongera ubabaze ico bariko barakora bisunze ivyo bigishijwe.
- Ingendo yo kwifashisha intambuko ya 3 :3/3 igihe mukoranye hamwe, irafasha abantu kwibuka ko baharura, irafasha kandi gusobanura ivyizigiro, irafasha kandi kwitondera ivyo bigishijwe buri yinga(ndwi) ikindi kandi irafasha abigishwa kubasobanurira ingene nabo buhindura abandi abigishwa nabo bahindura abandi.

MBEGA USHOBORA GUTE KUBUZA IMIGWI NTIYIGISHE INYIGISHO Z'IBINYOMA ?

- Ibuka ko munyubako z'amashengero harimwo inyigisho z'ibinyoma. Kandi abungere canke abapasitori benshi bahura n'yo ngorane y'inyigisho z'ibinyoma.
- Amashengero yo mu gihe ca PAULO nayo nyene yarahuye n'itambamyi y'inyigisho z'ibinyoma. Nico gituma PAULO yandikira ayo mashengero AMAKETE menshi: nk'akarero IKETE RYA 1 N'IRYA 2 yandikiye Ishengero ry'IKORINTO hamwe n'iryo yandikiye Ishengero ry'IGARATIYA. Ni gombwa ko inyigisho z'ibinyoma tuzibuza gukwiragizwa irya n'ino. Naho biruko, ni ngombwa ko duhangana n'yo ngorane yibonekeje.
- Mu gihe imigwi ikoranye hamwe ku cicaro, mu gisagara kanaka, kw'ishengero, birashoboka ko hobamwo umutama w'ishengero afise ubushobozi n'ubumenyi hamwe n'ingabire yo kwigisha ku bijanye no kwirinda inyigisho z'ibinyoma. Abakiri bato mu kwizera ntibashoka bamenyera icarimwe ivyo bakeneye kumenya kandi bahabwa kuko ntibaba baratahura umugambi w'IMANA(Inyigisho zimwe zimwe: Inyigisho Ndoramana) atari iz'ukuri, ariko Ivyanditwe vyemeza ko ivyo binyoma bizogenda birahera mu gukurikiza uru rutonde rw'ukwiga.



UKURI KWA
BIBIRIYA

GUHINDURA URUTONDE RWA3/3

- Mu ntumbero yo gukorera IMANA neza wisunze urutonde rwa 3/3 :urashobora guhindura , mu ntumbero yo kuryohora hampande y'ibibazo mubazanya mu migwi; mu kuronderana mu gihe muri mu migwi y'ubwoko butandukanye bwa Biglife (Bisigura:kuronderana nk'imirwi igizwe n'abari mu mugwi ari abakristo canke ari abantu barondera kumenya ukuri ariko atari abakristo.
- Urwo rutonde rwa3/3 rwo kurikizwa MU MIGWI ya Biglife ariko kandi abari muri uwo mugwi akaba ari abarondera ukuri ariko bataraba abakristo: urabisoma vyiyongere kuri iki gitabu.



IMYIMENYEREZO: Soma Mariko 5: 1-20 n'imyimenyerezo yo gushinga imigwi ya Biglife.

URUTONDE RWO GUKURIKIZA IGIHE MUKORANYE MU MUGWI WA BIGLIFE.

UMUGWI WA BIGLIFE UKORESHA IBIRINGO CANKE IBICE BITATU VY'UMWANYA (3) NIVYO VY'IBI : [3/3].

← RABA INYUMA

♥♥ Egeranya ibibazo. Himbaza canke tazira IMANA. Musangirire Ijambo ry'Imana canke musangire ibifungurwa mu gihe bishoboka. Mbega imigenderanire y'umwumwe wese n'IMANA yifashe gute? Umuntu wese afise ikibazo, umutwaro canke ingorane: birakenewe ko mumusengera. Canke akabanza kurindira murangize kugira mu mureshe mwongere mumutere inkomezi imbere yo kumusengera, mukoresheje indirimbo n'amasengesho, mugakoresha uburyo bwose n'ingabire zose IMANA yabahaye mumugwi wanyu.

- ✓ Ugusuzuma[ntusimbe na kimwe]:
- ✓ Gute wubahiriza canke witondera ivyo wigishijwe ?
- ✓ Ni iki watahuye?
- ✓ Wasangije nde intahe yawe canke intahe y'IMANA?

Ni intumbero iyihe igushoboza gufasha abandi kuba abigishwa ba YESU?

👁️ IHWEZE [ntihagire na kimwe urengana canke usimba]. Guhuza canke gufatanya inkuru imwe ya BIBIRIYA, canke intahe y'IVYO WACIYEMWO MU BUZIMA, canke indirimbo yo guhimirizanya canke guhererekana ingene mwozana abandi kuri YESU, canke gutanguza imigwi mishasha.Canke kandi ibi bikurikira: Matayo 28: 18-20, Ruka 10: 1-11, Luka 19: 1-10.

↑ ITEGEREZE CANKE IHWEZE AHO HARUGURU

📖 Senga.Ganira n'IMANA muri make. Saba IMANA iguhe IJAMBO ryo kwigisha muri iyi ndwi.Muganire nk'abagize umugwi. Soma hanyuma utahure IJAMBO muri make.

- 👉 Ni igiki ushaka gutahura uri uyu murongo ?
- 👈 Ni igiki utatahuye muri uyu murongo?

📖 Soma iri JAMBO ry'iyi yinga kandi.

- 👤↑ Ni igiki iri JAMBO RY'IMANA rikwigishije ?
- 👤← Ni igiki IJAMBO RY'IMANA rikwigishije ku muntu ?

RABA IMBERE →

🙏 + 🗣️ → 🚶 Ihweze, Umviriza hanyuma usezerane [ntusimbe na kimwe] Hamagarira umuntu wese asenge IMANA imwereke ingene akwiye kwishura kuri ibi bibazo biri ngaha musu.Mu gihe IMANA ikubwiye gukora ibintu kanaka ,andike ku rupapuro ivyarivyo.urangije canke uhejeje tahuza umugwi igihe uriko urangiza umwanya wagenewe ugusenga..

1. wubahiriza gute iki kiringo co hejuru ?
2. Ni nde uzo kwigisha muri kino kiringo ?
3. Ninde uzoshingira intahe y'ubuzima bwaze canke y'IMANA?

👤👤 Imyimerenyezo [ntihagire ico wirengagiza canke usimba] Mu mugwi w'abantu2 canke ba 3, mwimenerenze ivyo mutegekanya ku ntambuko ya1:YA2;YA3.Nk'akarorero , ipime nk'uko woba uhuye n'ibibazo bigoye canke bigumye canke uhuye n'ibigeragezo; imenyereze kandi gutanga icigisho c'uyu musu, canke gusigura UBUTUMWA BWIZA.Fata akanya ko kuvugana n'Imana, yisabe kugira ngo iguhe inkomezi zogushika kuco wiyemeje, sengerera imitima yabo uzobwira ubutumwa muri iri yinga igiye gutangura.

UMUGWI WO KUNYWANA NO GUKURA WA BIGLIFE



UMUGWI UBE MUGUFI.

MUBANDANYE IMIGWI MITOMITO.TANGUZA IMIGWI AHO UHEREYE KUBO MUSANGIYE UBUCUTI CANKE ABAGENZI BAWE : ni ukuvuga abantu muzinanyi .mukoranire aho abo bantubasanzwe bakunda gukoranira haba munzu canke ahandi mwumvikanyeko naho hoba musi y'igiti.umugwi munini wugaburemwo imigwi mitomito igizwe n'abantu batatu ba 3, 4 canke 5 mugihe mufise umwanya mutoya.

UMUTU WESE AZOKWIYIGISHWA GUKURA YIGENGA.

Mu mugwi,umuntu wese yiyigisha gukomera yisunze ibi bikurikira :

1. Kubwira abandi Yesu.
2. Kwiga Ijambo ry'Imana :Bibiliya.
3. Kuvugana no kwumviriza Imana mu masengesho.
4. Gufasha no gutera intege abandi bizera.
5. Ntucike intege mubihe vy'itotezwa canke mu bihe bigoye.

FATA UMWE WESE KWAFISE UBUSHOBOZI BWOGUHINDURA ABANDI ABIGISHWA BA YESU.

Fata umwe wese mu bagize umugwi ko ashoboye guhindura abandi abigishwa ba Yesu , imbere canke inyuma yaho yizereye Yesu.Abarongozi b'imigwi ntamishahara baronka canke inyigisho zitunganijwe kurutonde runaka.

KUMVIRA KWIGISHA ABANDI.

Ubuzima bwo mu migwi burangwa n'ijambo kwumvira ,ntiyerekeza gusa ku bumenyi .Kurikira Yesu mukwiga Bibiliya urongowe na Mpwemu Yera, fata ivyo mwiyeje mu mubonano uwo ariwo wose muce mubirungika mu mubonano uzokurikira. Muhinduke abarovy'i b'abantu mu kubigisha kwiga ijambo ry'Imana bo no kuyumvira ivyo bizana ikibanza aho gukunda Yesu bisigura kumwumvira .

GATANGUZA IMIGWI MISHASHA YO GUFASHANYA NO KWIGISHANYA.

Shimikira kugushiraho iyindi migwi mishasha aho gushimikira kurondera ubunini bw'umugwi . Bonana kenshi n'abarongozi bashasha mu gihe bariko barafasha imigwi mishasha kandi mubigishe gukora gutyo ku bandi. Gumana nabo hafi mu kubandanya ubigisha kandi wongera ubahimiriza .koresha KGKK (MAOL) [kuba akarorero,Gufasha,kwihweza no kubohora]kugira ufashe abandi gushimikira mu migwi

KUGANIRA NO KUVUMBURA.

Isunge cane BIBIRIYA ,IJAMBO RY'IMANA. Mushire ivyizigiro muri Mpwemu Yera kugira abafashe kuvumbura bo no gutahura insiguro y'ivyanditswe vyera. Rongora abagize umugwi mu kubabaza ibibazo aho gufata umwanya wo gusigura: raba ko abagize umugwi bose bavuga.

INTAMBUKO YAMBERE :IMIBONANO 8 YA MBERE



Mufate icigwa ico arico cose nk'icigwa c'urufatiro. Abizera bose barakeneye guhinduka, kumvira, guhinduka no kubwira abandi. Ni vyiza mu gihe ivyo vyigwa bifashe indwi; abakristo ariko batari bwaze muri uyu mugwi bakigwe. Igice co gushira mungiro kirangwe kandi gishigikigwe niyo mibonano umunani .Ugushira mu ngiro kuri umwumwe wese bitangurira mu mibonano ikurikira .

IMBERE YO GUTANGURA
NTIWIBAGIRE :KUBERA
IKI? NANDE &GUTE?.

[1] KUVUGA INTAHE YAWE



KURABA HEJURU: Mariko 5: 1-20. Raba cane imirongo 18-20.



UMWIMENYEREZO: Gushingira intahe abandi – Ushobora gushingira intahe yawe mu buryo bu bukurikira:



Vuga ubuzima bwawe imbere yo kwakira no gukurikira Yesu. Vuga ibicurimwo , ibigumbagumba [ingorane, ububabare,ubushobozi], ibibazo wibaza [bigenda gute iyo umuntu apfuye?], canke intambara wabamwo imbere yo kwakira Yesu.



Vuga icatumye wakira Yesu kandi ugahitamwo kuba umwigishwa wiwe – Babwire Yesu: igikenewe muri iyo ntahe yawe niYesu. Muri iyo ntahe ya Yesu genza utya: Twarahemukiye Imana kubw'ibicumuro vyacu, kandi impembo yavyo dutegereje n'urupfu. Ariko twakijijwe urupfu igihe twizera Yesu we yapfuye kubw'ivyaha vyacu , agahambwa, kandi akazuka mubapfuye.



Vuga ubuzima bwawe inyuma yo kwakira Yesu – Babwire ingene Yesu yahinduye ubuzima bwawe. Babwire amahoro, umunezero, n'ikigongwe Yesu yaguhaye.



Basabe inyishu – Intahe yanyu itegereza gutanga inyishu. Rangize n'ikibazo co kumenya inyungu y'ivy'Impwemu ku muntu. Urashobora kubabaza uti: "Murakeneye kumenya ingene mwobabarirwa canke mwoharirwa ivyaha vyanyu ? "canke Murashaka ko Imana ihindura ubuzima bwanyu? "

Vuge muncamake [iminuta 3 canke musu yayo] – Intahe yanyu itegerezwa kuba ngufi kandi ifise akamaro. Ntugire ubwoba kandi ntuvuge umwanya muremure kugira nturambire abakwumviriza..

Umwimenyeyo: Andika amazina yabo muzohura: incuti, abagenzi bawe.

[2] KURABA KUMANA



RABA HEJURU: 1 Ab'ikorinto 15: 1-8, Abaroma 3:23, Abaroma 6:23



UMWIMENYEREZO: Fasha umuntu wese kumenya ibi: Kwamamaza intahe ya Yesu uhereye kw'iremwa gushika ku musu w'Urubanza no kuyibwira abandi bantu bose mushobora

guhura canke ushobora gushikira.

GUSENGA: Gusaba **IMANA** ngo ibereke abo muzobwira intahe ya Yesu Kristo muri icyo misi ikurukira muri iyi yinga.

[3] GUKURIKIRA NO KUZANA ABANDI KURI YESU



RABA HEJURU: Mariko 1: 16-20



UMWIMENYEREZO : Andika 'Urutonde' – Fata urukaratasi wandikeko amazina y'abantu 100 muzinanyi [abagenzi, incuti, umuryango, abo mukorana, n'abandi ...]. Mugihe umuntu atari Umukristo, nimumushingire intahe yanyu, n'inkuru yerekeye Imana. Mugihe uwo muntu asanzwe ari Umukristo iyumvire ingene womwegera kugira umutumirire kuza mu mugwi mu burwaneza, mumwereke ibikoresho bikoreshwa mu guhidura abandi abigishwa ba Yesu.

NI MUSENGE. Nimusabe Imana kugira ibereke abo muzosangiza intahe yanyu n'igikorwa c'iyonyi ndwi yose.

[4] UMUBATIZO



RABA HEJURU: Abaroma 6: 3-4; Ivyakozwe 8: 26-40



UMWIMENYEREZO: Raba amazi ahagereye [ikiyaga, piscine, uruzi, Inyanja] muce mubatiza abizaye bashasha bose. Mubandanye mubatiza abantu kuva igihe bizereye. Mu kumenya vyinshi kubijanye n'uko ijamba ry'Imana rivuga Umubatizo, raba: Ivyakozwe n'intumwa 2: 37-41, 8: 5-13, 8: 36-38, 9: 10-19, 10: 47-48, 16: 13-15, 16: 27-34, 18: 5-9, 19: 1-5, 22: 14-17 na 1Ab'ikorinto 1: 10-17

NIMUSENGE. Nimusenge kugira Imana ibereke abo muzoshingira intahe yanyu, musengere n'ibindi bikorwa vyose bizokorwa muri iyi ndwi.

[5] BIBILIYA



RABA HEJURU: 2 Timoteyo 3: 14-16



UMWIMENYEREZO: Fata mu bwenge kandi wongere uvuge ibibazo 7 vyakoreshejwe mumugwi wa Biglife [ibibazo 1 canke 7 mumugwi 3/3.

NI MUSENGE: Gusenga Imana kugira ibereke abo muzoshingira intahe yanyu y'AGAKIZA n'iya Yesu Kristo n'ibikora vyose vyo muri iyi ndwi.

[6] VUGANA N'IMANA



RABA HEJURU: Matayo 6: 9-13



UMWIMENYERE: Koresha ibiganza vyanyu mu kwiga ingene mwoganiye n'Iman. Nk'uko muri mu mugwi, musenge nk'uko Yesu yavuze muri Matayo 6: 9-13 mu gukoresha ikiganza cawe nk'umurongozi.

1. **Igokonjo c'ikiganza = Imigenderanire.** Nk'uko igikonjo c'ikiganza ari umushinge w'intoke zacu n'inzara, kumara umwanya uri wenyene uri kumwe n' Imana ni umushinge w'imigenderanire yacu nayo. "Data wa Twese uri mw'ijuru ..." [Matayo 6: 9]
2. **Urukumu = Gutazira.** Urukumu rwacu rutwibutsa gutazira Imana imbere yo kugira ico dusaba icarico cose. "...Izina ryawe niryubahwe ." [Matayo 6: 9]
3. **Nkombankono = Guca bugufi.** Igikurikira turaheba ubuzima bwacu , imigambi, imiryango , kazoza, ubuzi n'ibidi vyose. "Ubwami bwawe ni buze, ivyo ugomba nibibe mw'isi nk'uko biba mw'ijuru ..." [Matayo 6:10]
4. **Mumbazose = Gusaba.** Hanyuma turasaba Imana kugira iduhaze muvuyo dukenye. "Uduhe ivyo kurya bikwiranye n'uyu musu." [Matayo 6:11]
5. **Gihugunibenga = Ikigongwe.** Ubu naho, dusaba Imana ngo itubabarire ivyaha vyacu kandi dutegerezwa natwe kubabarira abandi. "Utubabarire nk'uko natwe tubabarira abaducumuyeko." [Matayo 6:12]
6. **Agaherezezi = Inkinzo.** Hanyuma turasaba Gukingirwa n'Imana. "Ntutujane mubitwosha nabi ariko udukize ikibi." [Matayo 6:13]
7. **Urukumu [n'ubundi] = Gutazira.** kandi turangiza nk'uko twatanguye mugutazira Imana Mushobora vyose. - " kuko ubwami, n'ubushobozi, n'icubahiro ari ivyawe ibihe bidashira. Amen. " [Matayo 6:13].

Nimusenge. Musabe Imana kugira ibereke abo muzoshingira intahe n'ibikorwa vyose vyo muri iyi ndwi.

[7] IBIHE BIGOYE [AMAGOGWA]



KURABA HEJURU: ivyakozwe n'intumwa 5: 17-42; Matayo 5: 43-44



KURABA IMBERE MU GUSHIRA MU NGIRO: sangiza abo mu mugwi ingorane mwahuye nazo bitewe n'urugendo rushasha gw'ukwizera, vugane ingorane mwashoboye guhura nazo, gerageza kuzerekana mu buryo bw'igikino (gukina igikino), gerageza kuziyumvirako mubugwaneza no murukundo :mwisunze inyigisho za Yesu. Nimusengere ibikenewe . Musengere umuntu wese ahejeje kubasangiza ingene yakoze.

Nimusenge: Nimusenge Imana kugira ibereke abo muzosangiza intahe yanyu hamwe n'intahe y'Imana.

[8] GUHINDUKA UMUGWI UTUNGANYA IBIKOGWA NEZA



KURABA HEJURU: IVYAKOZWE 2:42-47; 1 ABIKORINTO 11:23-34



KURABA IMBERE: GUSHIRA MUNGIRO: Nimuvugane ico mutegerezwa gukora kugira imibonano yanyu imere nk'uko vyanditwe muri ayo majambo twasomye. Nkumugwi nimucepe kurupapuro rwera umuzingi w'utuburungu ugereranywa n'umugwi wanju. Musi y'uwo muzingi, andike ibitigiri bitatu: Igitigiri c'abitavye bashira mungiro [urumuri] , igitigiri c'abakiriye Yesu [umusaraba]; igitigiri c'abatijwe inyuma yo kwizera [amazi].

Mugihe umugwi wanyu iyemeje kuba umugwi wa Biglife, hindura umuzingi w'utuburungu mumurongo wugaye, mugihe mushira mungiro buri musu ivyo bikurikira, nimucepe amashusho

indani mumuzingi wanyu. Mugihe mutabishira mungiro canke mukaba murindiriye umuntu wo hanze azoza kubibakoresha, nimuce mucapa yamashusho hanze y'umuzingi.

1. Bibiliya
2. Ibatisimu: amazi
3. kwibuka Yesu ukoresheje umukate n'amazi
4. Ukunywana :umutima
5. Gutanga no gukora igikogwa
6. Abarongozi: abanezerewe
7. Kuwira abandi YESU: umugenzi afate ukuboko kw'uwo yazanye kuri Yesu
8. Gusenga: ibiganza vyo gusenga



Mbe n'igiki gikenewe mu mugwi wacu cowufasha kugira ube umurwi ukomeye?

SENGA. Nimusenge kugira Imana ibereke abo muzosangiza intahe yanyu n'iya Yesu Kristo, n'ibikorwa vyo muri iyi ndwi.

IKINDI GIHE ? Nimusangire ivyo mwatahuye canke muhitemwo igitabu co muri Bibiliya nk'ubutumwa bwiza bwanditswe na Mariko canke Yohana.

URUHEREREKANE GW'INYIGISHO – AGUGUKU



- **AKARORERO KO KWIGANA** – Bereke ingene bakwiye kuba akarorero [indwi 2-3]
- **Gufasha** – Kubafasha kuvamwo ab'akarorero [indwi 2-3]
- **Gukurikirana** - nimubakurikirane igihe bariko barabikora [imyaka 2-3 canke irenga]
- **Kubareka** - bareke babandanye igikogwa bonyene kandi bidegemye.

AGUGUKU

Urunganwe rwa 1	A	GUF	GUK	KU			
Urunganwe rwa 2		A	GUF	GUK	KU		
Urunganwe rwa 3			A	GUF	GUK	KU	
Urunganwe rwa 4				A	GUF	GUK	KU

KUBA MU MIGWI IBIRI :

- Mworonka umuryango wanyu wambere wo mu buryo bw'Impwemu [umugwi wa Biglife].
 - Abantu bakuze kuva 6-12 mu mugwi .
 - Ni mugerageze ntimushiremwo abakristo bashasha mu mugwi wanyu. Ahubwo ni mubafashe gutanguza umugwi wabo mushasha mwisunze aho babaye. Nimubereke uko bikogwa kandi mubafashe kubikora.
- Mwihora imisi yose mugerageza gufasha abandi gutanguza imigwi yabo mishasha izoba urufatiro gw'umuryango wabo w'impwemu .
 - Ico nico twita "guhimiriza no gushigikira". Muzoba muri mu migwi ibiri canke irenga mu mwanya umwe , muhanahane ivyiyumviro kandi munafasha imigwi mishasha.
 - NTIMUTANGUZE IMIGWI MYISHI MU MWANYA UMWE MUGIHE MUDASHOBORA KUYIHIMIRIZA NO KUYISHIGIKIRA [MUGIHE MUTANGUJE UMUGWI MUSHASHA].

IVUKA RY'IMIGWI NINGENE IGWIRA KU MYAKA :

Umwaka 1 = 1	Umwaka 11 = 1,024	Umwaka 21 = 1,048,576
Umwaka 2 = 2	Umwaka 12 = 2,048	Umwaka 22 = 2,097,152
Umwaka 3 = 4	Umwaka 13 = 4,096	Umwaka 23 = 4,194,304
Umwaka 4 = 8	Umwaka 14 = 8,192	Umwaka 24 = 8,388,608
Umwaka 5 = 16	Umwaka 15 = 16,384	Umwaka 25 = 16,777,216
Umwaka 6 = 32	Umwaka 16 = 32,768	Umwaka 26 = 33,554,432
Umwaka 7 = 64	Umwaka 17 = 65,536	Umwaka 27 = 67,108,864
Umwaka 8 = 128	Umwaka 18 = 131,072	Umwaka 28 = 134,217,728
Umwaka 9 = 256	Umwaka 19 = 262,144	Umwaka 29 = 268,435,456
Umwaka 10 = 512	Umwaka 20 = 524,288	Umwaka 30 = 536,870,912

KUBAZWA INGENE VYAGENZE MW'IYINGA IHEZE: NI NGOMBWA KANDI NI ITEGEKO. NI INKORAMUTIMA: KIRAHAMBAYE CANE [igice ca 2]



Turakenera gushishikara kwisuzuma twishure ibibazo (=ivyo dutegerezwa) umwe wese muri twebwwe kuvyo twavuganye ko tuzokora. Iyo ibe nk'inzira canke uburyo twerekana ko umwe wese yitayeho gufasha mugenzi we. Iyo bikorwa mu rukundo rw'umwumwe wese mu bagize umugwi, kandi si uguhisha cake gukwega ivyaha. Hageze umwanya wo kuraba igihe ca heze, birashoboka ko umuntu atishura ivyo mu gihe abajijwe ingene ibikorwa vyo mw'iyinga riheze vyagenze :

- Narabikoze canke narahejeje.
- Neza cane! None inyuma yo kubikora, ni igiki cavuyemwo ?

Kandi, mu gihe co kwihweza ivyaranguwe canke ivyakozwe, birashobora gushika aho umuntu yishura :

- Jewe naravyibagiyel!
- Ariko birashoboka ko hari ikizocovamwo . Ugire umwete ubu muri iyi yinga.

Canke kandi, muri ico gihe co gusuzuma ibikorwa vy'igihe carangiye ,umuntu arashobora kuvuga :

- Sintahura kandi simbona ingene nobigenza.
- Humura birashoboka ko bizoza . Urakoze kubitumenyesha. Rindira, turagusobanurira turangije uyu mubonano wacu.

Canke kandi: mu gihe co kwihweza ivyaranguwe, umuntu arashobora kwishura :

- Sinigeze ndonka uwo mbwira .Nta muntu nigeze mbona ngiye mu mihana.
- Ariko kandi,birashoboka ko uzobaronka. Ugerageze muri iyi yinga iza.

Canke kandi: mu gihe co kwihweza ivyaranguwe mw'iyinga yarangiye, umuntu arashobora gushika aho yishura :

- Ndatinya kubera mfise ubwoba bwo mu buryo bw'impwemu/ivyaha KORESHA MATAYO 18: 1

UBWOKO BUBIRI BUTANDUKANYE MU BIJANYE N'UBUTUNZI

- Ubutunzi bw'ivyisi butwigisha gukora ibikorwa vyo kubungabunga umubiri budufasha kuronka ivyankenerwa no gukora hanyuma tugatanga ku bw'ibikorwa vya KRISTO.
- Ubutunzi bwo mu buryo bw'impwemu butwigisha kwigisha abandi ivyo twaronse canke twigishijwe. Igihe dukoze ivyo, tuzoba turangije canke dukoze vyose neza.

Imigwi ya Biglife iragufasha kuronsa abandi ivyo wigishijwe mu buryo bw'IMPWEMU buri yinga, muri ubwo buryo/nzira biguzoshoboza kurangiza ihangiro ku rindi wihaye canke ufise.

Ikindi unezererewe kubazwa no kubaza abandi batumwe n'IMANA gokora ibikorwa vyayo vyerekana ko twitwararitse BENE DATA.




UMWIMENYEREZO Subiramwo icigwa ca 2 mu mugwi wanyu [GUTANGURA VYIHUTA].

INYUBAKO Y'AMASENGESHO

Rabira ngaha urutonde rujanye n'impanuro mu ntumbero yo kubona ni gute amasengesho yokorwa mu kiringo c'isaha. Ni vyiza kubafasha abandi gutahura ibintu cane gose bijanye n'amasengesho hamwe n'ibishobora kubaha inkomezi canke kubatera intege mu masengesho. Intumbero ni gushobora gukoresha iminota ku gace kose mu duce tugize amasengesho.

1. **Guhimbaza:** Tangura umwanya wawe w'amasengesho mu guhimbaza UHORAHO IMANA. Uhimbaze IMANA bivuye ku biri mu mutima wawe no mu bwenge bwawe muri uwo mwanya. Umushimire ku gikorwa kimwe muri vyinshi yagukoreye mu buzima bwawe mw'iyinga yose irangiye. Uhimbaze IMANA ku bw'ivyiza yakugiriye hamwe n'umuryango wawe.
2. **TEKEREZA CANKE UMVIRIZA IMANA:** Koresha uwu mwanya mu kumviriza UHORAHO IMANA. Ni ufate umwanya w'agacerere ureke akurongorere ivyiyumviro (arongore ivyiyumviro vyawe).
3. **Ihane:** Mubwire MPWEMU YERA akwereke ikintu icarico cose mu buzima bwawe kandi ivyo bintu bishobora kuba bidahimbara canke bitukisha MPWEMU YERA. Musabe akwereke ukwo umutima wawe utamuhimbara, kandi akwereke ibikorwa ataco bimaze bituma uboneka nk'imburabwenge imbere yiwe. Muri ico gihe wihane imbere y'Imana kugira ibone kukweza..
4. **Soma IJAMBO RY'IMANA:** Mara umwanya uriko urasoma IJAMBO RY'IMANA muri Zaburi, Abavugishwa, n'IVYAGEZWE muri make BIBIRIYA.
5. **Imitwaro :** Umwereke ivyo ukeneye n'ibikuremereye, ivyawe wewe nyene.
6. **Sengera Abandi:** Mwereke muri ico gihe ivyo ushaka canke kimwe kimwe cose ugisobanure hamwe n'ivyo abandi bashaka ko IMANA ibaha canke ibakorera.
7. **SENGA wisunze IJAMBO RY'IMANA:** Senga ubwo nyene wisunze imirongo imwimwe yo muri BIBIRIYA isobanutse neza kuri wewe. Imirongo y'IJAMBO RY'IMANA itomora canke ihuye n' amasengesho abantu bariko barasenga. Amajambo aboneka mu gitabu ca ZABURI arafasha muri uwu mwanya.
8. **Amashimwe :** Shimira IMANA ku vyo yagukoreye mu buzima bwawe, umushimire ku bw'incuti n'abagenzi bawe hamwe no ku bw'umugwi wawe.
9. **Ririmba:** Ririmba indirimbo z'amashimwe canke zo gushimagiza canke amatazirano canke ivyese.
10. **Zirikana mu mutima:** Senga IMANA ivugane na wewe. Fata ikaramu n'urupapuro witegure gushobora kwandika ico IMANA iriko irashira mu bwenge bwawe, mu vyiyumviro hamwe no mu mutima wawe.
11. **Umviriza:** Koresha uwu mwanya mu ntumbero yo kwegeraniriza hamwe : ni igiki watahuye canke wungutse mu vyo wasomye? Ivyo wasengeye? Ingene wari umereye mu guhimbaza IMANA igihe wariko uraririmba? Kandi ni mu buhe buryo UHORAHO IMANA ariko yegeranya indirimbo, imitwaro, amashimwe n'amasengesho yawe mu ntumbero yo kuyaga na wewe?
12. **Himbaza canke Tazira:** Himbaza IMANA kukubera uri hafi yayo canke uri kumwe nayo. Kandi uyihimbaze ku bw'ivyo yashoboye kugutahura no kwakira mu mutima wawe. HIMBAZA IMANA ku bw'ubukuru bwayo.



 **ZOEZ** Rondera umwanya w'isaha imwe wongere uwugaburemwo ibirungo 12 vy'amasengesho.

GUFATA URUGENDO URIKO URASENGA

Amasengesho yo kugendagenda aba meza cane iyo akozwe n'umugwi w'abantu 2 canke 3 ariko n'umuntu umwe arashobora kuyakora. Kuyakora mu mugwi bifise inyungu yuko ushobora kwumva Imana ivugana nawe co kimwe n'abandi. kandi ico kirashobora guteza imbere ubuzima bwanyu bwo gusenga n'ubushobozi bwo kumenya inzira z'Imana. Mugihe muri mu mugwi vyoba vyiza musenze mw'ijwi rirerire kugira n'abandi bashobore kubiyungako mw'isengesho. Igihe muri mwenyene murashobora gusenga bukebuke n'ijwi ritoyi, kiretse igihe usengera abandi muri kumwe.

Hariho uburyo bune bwo kumenya ivyo usengera igihe ufashe urugendo uriko urasenga:

1. **Kwihweza:** Igihe ubonye ikinga ry'amaguru atatu ririko ririruka cane; birashobora kugusunikira kugusengera abana, imiryango, amashure, urugendo, n'ibindi. Iciumviro kirimwo n'ukurengera ivyo ubona maze ukaronka imitwaro ushobora kubwira Imana.
2. **Ubushakashasti:** Murashobora kumenya ko hariho ahantu habera ubugizi bwa nabi, ubwicanyi, akarenganyo, ubukene mukarere mugihe mwafashe urugendo muriko murasenga. Izo ngorane zirashobora rero kurongora amasegesho yanyu mugihe mwafashe urugendo muriko muragusenga.
3. **Ihishurirwa:** Murashobora kuvyumva mumutima canke mugahishurirwa na Mpwemu Yera ku vyo musengera.
4. **Bibiliya:** Murashobora guhitamwo gutanguza umurungo wo muri Bibiriya, kandi mugaha akaryo intumbero y'uwo murungo ngo urwo rugendo mufashe muriko murasenga rugende neza kandi rugire ico rushitseko.

Mugomba kwisunga cane cane ibibanza bihuriramwo abantu benshi :

Ibibanza vy'aho bacira imanza

Ibibanza vy'ubudandaji: amasoko, n'ahandi

Ibibanza vy'irerero: amashure

Ibibanza vy'ukumenyesha amakuru: Amasamirizi (amaradiyo)

Ibibanza vy'ivy'impwemu: amashengero, imisigiti n'ahandi.

Rondera akaryo kandi mwumvirize imitwaro abantu bafise mwosengera mu mugwi, iyo mwabonye mwafashe urugendo muriko murasenga. Murashobora gusenga muti: Turasenze canke ndasenze ku bw'aba bantu. Babaze uti: murafise umutwaro w'umwihariko? Mumaze kwumviriza inyishu batanze, murashobora kubabaza ibibazo bijanye n'ivyo bakeneye. Nibabishura nimuce mubasengera.

Murongowe n'Imana murashobora gusengera n'ibindi bikenewe:

Umubiri: Amagara meza

Akazi: Umushahara, ubutunzi

Umubano: Kubana neza n'abandi

Ibijanye n'ivy'impwemu: gukizwa

Ibigumbagumba: Umunezero, kuryoherwa

Kenshi na kenshi, abantu barakenera kumenya inyungu mubashiriye. Mugihe uwo muntu atari umukristo, ako n'akaryo ko kumuhindura mu vy' Impwemu. Ni akaryo kandi ko kumushingira Intahe no kumubwira Ubutumwa Bwiza, no kumuha akaryo ko kuza mu nyigisho za Bibiriya, canke akaryo ko kumugendera iwe canke akugendere lwawe. Mugihe asanzwe ari Umukristo mwigishe nawe kugira urugendo ariko arasenga kandi nawe umwigishe kandi unamuhimirize gushitsa itegeko Yesu yadusigiye ryo guhindura abandi abigishwa ba Yesu Kristo



ZOEZUMWIMENYEREZO: Nimugire urugendo muriko murasenga mu mugwi (w'abantu ba 2 canke 3) .

UBURYO BWO GUTANGUZA IMIGWI YA BIGLIFE:

- Umenye ko umugwi wo gutanguza ari nk'umugwi w'igihe wisunga urutonde rw'ibice bitatu kuri bitatu[3/3] aho baganira ku cirwa ca mbere neza: 'Kubera iki? Na nde? Mu buryo ubuhe canke gute? " Haheze ikiringo c' amezi 2-3 baca batangura kuganira ku "Inyigisho z'urufatiro"Mu ntumbero yo kubafasha gutegurwa kwegreza kuja hanze y'umugwi. Babone gutanguza imigwi ya Biglife bo nyene ubwabo.Ubu bwoko bw'imigwi burakwiriye ku bantu badafise amahigwe yo kuronka umwanya wo kuja mu nyigisho z'imisi 2 canke 3. Ni vyiza cane kuri abo kugabura inyigisho mu vyigwa vya buri yinga imwimwe.
- Mu gihe hari abantu benshi bakiriye KRISTO icarimwe canke mu mwanya muto cane hakaza abantu benshi kuri KRISTO, urashobora gukoresha kandi iyi migwi ya kera mu ntumbero yo gufashisha abizeye bashasha inyigisho ku bijanye n'uburyo bwo gutanguza umugwi wa Biglife, kugirango nabo bashobore kugenda baje hanze y'umugwi maze batanguze imigwi bari kumwe n'abagenzi, incuti,, ababanyi n'imiryango yabo ...Naho boba bakiri ABAKRISTO BASHASHA mu kwizera!
- Bakoranye ubwa mbere mw'iyinga ku musu wo gutangura umugwi mushasha, kandi vyongeye ari bashasha. mu kuganira mu mugwi bazokwisunga inyigisho zanditse mu gitabu zidondora itunganywa ry'imigwi ya BIGLIFE.
- Birakwiye ko ibintu vyose biri hagati mu cigwa kimwekimwe cose bitahurika canke bitahurwe neza, imbere yo gutangura ikindi cigwa gikurikira. Mu gihe abagize umugwi batararangiza ivyo bategerezwa kwiga mu cigwa ca mbere bariko bariga; ni ngombwa babanze bamare icigwa ca mbere hanyuma ibice 75% vy'abagize umugwi bamaze gufata ingingo yo kwiyemeza mbere no kugeregeza gushira mu ngiro ivyo bize, nko mu gihe inyuma yo kwigishwa icigwa ca mbere abagize umugwi benshi muri bo bataratangura gushikira abantu ngo babashingire intahe yabo y'agakiza mu minota 3 canke idakwiye, canke ata muntu n'umwe baratangura kubwira: ababanyi, abagenzi, incuti; mu kubashingira intahe y'AGAKIZA, mw'iyinga ikurikira birakwiye ko bobandanya biga ingene bigenda mu gushingira intahe y'AGAKIZA abandi imbere yo kubandanya icigwa ca kabiri gikurikira.
- Kenshi icigwa kimwe kimara nk' amasaha 2 ukwirikije urutonde rw'ibice 3/3. Umwanya ukeneze kugirango umugwi ubeho ukwiye ivya ngombwa urahambaye. Kandi ni abantu bangahe bari mu mugwi bashobora kwishura ibibazo twabonye hejuru. Ivyigwa bibiri vya mbere birashobora gufatirwa umwanya wo kubonana incuro zibiri canke zitatu kugirango babihereheze. Kumwe n'ivyo mu gihe abantu bataratahura ingene boshingira abandi intahe Yabo y'ukuntu bakijijwe canke intahe y'IMANA y'AGAKIZA boca babikora vuba. Ibindi vyigwa birashobora kuganirirwako mu mugwi mu gihe abanyamugwi bakoraniye hamwe. Ikindi. Urabe neza ko uriko uriga: mbega ni uburyo ubuhe tugomba kugenda mu ntumbero yo kugenda guhindura abandi abigishwa ba KRISTO, ikindi kandi urabe neza ingene muriko murashira mu ngiro mwebwe mwese nk'umugwi.I ki ni icigwa co gutsimbataza uburyo bwo guhindura abandi abigishwa, kandi si ugusimba ivyo bindi vyigwa.
- Ihate muze murakuranwa mu kurongora mu mugwi ugizwe n'iyindi migwi, mu ntumbero y'uko umuntu wese mu banyamugwi amenya kurongora.
- Inyuma y'amezi 2 canke 3 y'uguhurira hamwe, umuntu wese azoba yatanguye canke yiyemeje gutanguza umugwi mushasha. Umurongozi w'umugwi mukuru muvuyeyi w'iyindi migwi azokwirikirana abariko batanguza imigwi mishasha ya Biglife.
- Mu gihe ata kintu gihambaye kiriyongera canke barashikako; umugwi muvuyeyi w'iyindi migwi ushimye kuguma ukoranira hamwe inyuma y'amezi 2 canke 3 uhaye ku ntango; barashobora kubandanya gukuzanya no kuguma hamwe nk'umugwi . Naho biri uko, barakeneye kwihata kugenda hanze y'umugwi maze bagatanguza imigwi mishasha hanze y'iyi batanguranye kugirango nti bababe ibinebwe ntibabe nk'ikigwi kinini caje gukorana bitumbereye gukorana gusa bo nyene ubwabo nk'uko ari abagororotsi gusumba abandi. Hari n'uguhutagiza inyigisho iva muri BIBILIYA iyo uza kuronka ngo igufashe gutangura aho nyene mu kwigira mu migwi; canke kandi murashobora kurobanura canke gucagura igitabu kimwe muri BIBIRIYA mu gukurikiza Ijambo ry'Imana mu kwisunga ubuhinga canke urutonde rw'ibice bitatu kuri butatu3/

NIGUTE WOTANGUZA UMUGWI WOGUHIMIRIZA WA BIGLIFE?



Koresha umugwi wo guhimiriza mu gutanguza umuhari w'abigishwa bakorera indani murusengero rwanyu canke ku kazi iwanyu canke mw' ishirahamwe!

IMBERE Y'UMUBONANO

NIMUVUGANE INTUMBERO N'ABAKRISTO MURI KUMWE kukugene bashobora kuba mu muhari w'abavugabutumwa usukura igisagara cabo canke igihugu canyu. Hanyuma , bakoranye mu migwi ya Biglife yo guhimirizanya kugira ubigishye ingene botegura abigishwa bahindura abandi abigishwa; hisunzwe ibicapu bikurikira :

INDWI YA MBERE

Nimutangure n'icigwa c'ishimikiro : "Kubera iki ? Nande ? Gute ?" Iki cigwa gitwara nimiburiburi amasaha abiri (2).

INDWI YA KABIRI

Nimukoreshe intambwe ya mbere uce ubizana mu bigize umubonano w'umugwi wanyu bikurikira inzira yo mubice bitatu. Nimutangure n'icigwa ca mbere c'iyi ndwi, muce mukurikizako icirwa c'indwi ikurikira kugeza umugwi wanyu usangira intahe zawo. Atari uko nimugume kucirwa cambere kuyindi ndwi canke zibiri, Gushika aho umuntu wese amenya ingene yosangiza abandi intahe yiwe kandi akabikora. Mufise ivyirwa 8 vyose muzokwiga mugukoresha inyisho burindwi:

- ICIGWA CA 1: [KUVUGA INTAHE Y'AGAKIZA KANYU](#)
- ICIRWA CA 2 :[KUVUGA AGAKIZA K'IMANA:YESU](#)
- ICIRWA CA 3 :[GUHINDURWA UMUROVYI W' ABANTU NA YESU](#)
- ICIRWA CA 4 :[UMUBATIZO](#)
- ICIRWA CA 5 :[BIBILIYA](#)
- ICIRWA CA 6 : [KUVUGANA N'IMANA](#)
- ICIRWA CA 7 :[MU BIHE BIGOYE \[INGORANE\]](#)
- ICIRWA CA 8 :[GUHINDUKA UMUGWI UKORA NEZA](#)

HOKORWA IKI KUBIZERA BASHASHA?

Igihe umuntu yemeye Ubutumwa Bwiza; umwigisha ategerezwa gusangira nawe icigwa ca1: kubera iki? Nande? Gute? nimba umwanya ubibemerera. Nimba bidakunda nimuvugane n'uwo muntu igihe muzobonanira. Ntimwihutire kuzana uwizera mushasha mumugwi wanyu. Ivyo bisambura umushinge w'lvugabutumwa mukwumvira no mukwigisha abarongozi bashasha. Kuko abakristo bashasha bazotangura gufashwa n'umurongozi yateguwe mumugwi. Nimufashe ahubwo uwizera mushasha gutanguza umugwi aho aherereye mugihe bishoboka. Mumuronse inyigisho mwaronse.

INGINGO ZO KURWIZA ABIGISHWA BA YESU KRISTO

NI IZIHE NGINGO ZISHOBOKA ZISHOBORA KURONGORA UGUHINDURA ABIGISHWA BIGWIZA KUNYARUKA ?

INGINGO YA 1 Umwe wese ategerezwa gukora.

- Umwigishishwa wa Yesu wese n'uwuhindura abigishwa , inzu iyo ariyo yose n'ikibanza c'inyigisho, umugwi uwo ariwo wose n'ishirahamwe ry'lvugabutumwa. : "Nimugende"

INGINGO YA2 – Kwumvako ari umwenda kumuntu wese.


- Kwumva ico Imana ivuga no gushira mungiro ico iguhishurira
- Kwumvako umwe wese afise umwenda wo kubwira abandi.

↑
Turafise umwenda
imbere y'Imana
N'imbere y'Abantu . →



URUGENDO RW'IMBATA N'IVUGABUTUMWA

Imiswi y'imbata. Yesu niwe karorero k'umuyeyii w'imbata. Twese turamukurikira; Ntukeneye kuba imbata nyene kugira abandi bagukurikire, ahubwo ukeneye gutera intambwe imbere yabo muguhindura abigishwa nabo bakagukurikira.



INGINGO YA3 –Umwigishwa wese ategerezwa kwigaburira akoresheje:

1. Ijambo ry'Imana (Bibiliya)
2. Amasengesho
3. Ubuzima bw'umubiri wa Kristo [Gukoranira hamwe n'abandi bizera]
4. Ingorane(uruhamo, imibabaro)

INGINGO YA 4 –Kuba maso mukuraba aho Ubwami butarashika

- Nikihe kibanza c'aho mperereye Ubwami bw'Imana butarashikako? Nigute mugiyeye gukorera muri aho hantu hashasha? Dutegerezwa kwama turiko turarondera ahantu Ubwami bw'Imana butarashika.
- Umutima wa Yesu urakunda abadendebukiwe, abahebwe, n'abazimiye. Nimurondere abo bantu mubazane abakize, barokoke.

IMIGWI YO GUTANGIRA ICEGERANYO (IGITEGEREZWAZA)



1. Kuba mu migwi igizwe n'abantu babiribabiri canke batatubatatu ariko abagize umugwi umwumwe bose bakaba ari abasangiye igitsina .Muzoba mukwije igitigiri c'abantu 4 [Bisigura ko mufise imigwi ibiri igizwe n'abantu babiribabiri yisunze canke ikurikije rwa rutonde].Iyi ni yo nzira yo kugwiza imigwi canke uburyo bwiza bwo kugwiza imigwi.
2. Umuntu wese aitemwo ibihimba 25 vyo mu VYANDITSWE VYERA BIBIRIYA (Kwumviriza amajwi biciye kunsamirizamajwi canke ugusoma canke ukazirikana ku gitabu cose wasomye muri BIBIRIYA mu ntumbero yo kumenya mbega igitabu cose kivuga iki; muri make havugwamwo iki? Mu gihe ari igitabu gito canke kigufi urashobora gusubiramwo kugisoma incuro zibiri canke zitatu.
3. Abagize umugwi bama baturira hamwe rimwe ku ndwi/yinga hanyuma bagatahuzanya umwumwe wese ivyo yasomye canke yumvirije igice c'IVYANDITSWE VYERA bumvikanyeko kuri iyo ndwi.
4. Barangije baribukanya AMAJAMBO Y'IMANA aboneka muri 2Timoteyo 3: 16-17 no gutahuzanya mbega ni igiki UHORAHO IMANA ababwira bahamagariwe: kureka gukora, kuryohora canke guhubura, kudashishikara gukora bihwanye n'ivyavuye mu vyo bumvirije canke ivyo basomye bivuye mw'IJAMBO RY'IMANA.
5. Barasoma canke bakibukanya 1 Yohana 2: 15-17 hamwe no kwatura icaha icarico cose gihwanye n'ivyipfuzo vy'umubiri, canke ibihendamaso, canke ubwibone mu buzima bihwanye n'yinga yaheze. Birangiye barashobora kugaragaza ingene IMANA yabashoboje kuba mu rukundo rw'IMANA mu ndwi yarenganye.
6. Hanyuma baca bakoresha umwanya mu gusengeranira. umuntu wese asengera mugenzi we, bakurikirane mu gusengera ico mugenzawe azoba yashize ahabona mu mugwi.

Twibukanye: Nimba bikwiye ko mwemeranya kugumya ibanga no kwemeranya imbere yo gukoranira hamwe n'abanyamugwi bashasha mu mugwi.



¹⁴> Ivyanditswe vyose vyahumetswe n'IMANA.Kandi bigira ikimazi co kwigisha umuntu, no kumuhana, kumutunganya no kumutoza indero nziza mu kugororoka, kugirango umuntu w'IMANA abe uwushitse afise ibimukwiye vyose ngo akore igikorwa ciza cose . 2 Timoteyo 3: 16-17



^[15]Ntimugakunde isi canke ibiri mw' isi .Umuntu ni yakunda isi ugukunda DATA WA TWESE ntikuzoba kuri muri we. ^[16]Kuko ikiri mw'isi cose ari ivyipfuzo vy'umubiri; n'ivyipfuzo vy'amaso; n'ivy'ubugingo bitanduruka kuri DATA WA TWESE ariko vyanduruka mw'isi. ^[17]Kandi isi iriko irashirana n'ivyipfuzo vyayo;ariko ukora ivyo IMANA igomba yamaha ibihe bidashira. Yohana 2:15-17



IMYIMENYEREZO: Mugire umugwi utegerezwa muri kumwe n'uwundi muntu canke babiri.

KUZIGANYA MU BANTU BAMWE BAMWE

- Ninde mumarana umwanya? N'abantu bashira mungiro kandi bagasangiza abandi ivyo bigishijwe !
- Ni mwigishe umuntu wese ashaka kwigishwa, ariko kandi mukwirikirane uwo mubona yama ivyamwa vyiza.
- Nimuvyinjize mu bantu bake bashobora ku vyinjiza mu bandi.

IKIGUZI CO KURIHA

- Igihe ubayeho uzi ingingo z'ukwitwa umuvugabutumwa uzohamwa ,kandi uzohura n'ibitero vyinshi vyo mu buryo bw'Impwemu .
 - 2 Timoteyo 3: 11-12 & Abaroma 8:17
- Imana irashobora gukinga ivyo bitero ikabihindura ivyiza.
 - Abaroma 8:28


USANGIZA ABANDI IZI NGINGO

- Mumaze gushira mu ngiro ivyo muhejeje kwiga, ni bande mu bisangiza ? Ni vyiza cane guhitamwo kubisangiza abizera bashasha canke abantu bakiri bato mugakiza. Kuko abantu baba bakuze canke bamaze umwanya munini ari aba kristo, niko batugurukira cane ubuhinga bushasha bwo guhindura abantu abigishwa.Ico kintu nic'ukukuri no kuruhande rw'amashirahamwe n'amashengero. Uko baba benshi canke bamaze igihe barakuriye mw'ishirahamwe canke mw'ishengero ,ntibazokwugurukira ivy'ihinduka.
 - Ruka5: 36-39



kwama ukeneye inyigisho +kumenya uburyo bwiza +kumenya uburyo bwo gutanguza intambwe yambere >birafasha kugira abantu bashire mungiro inyigisho no kudahindagurika.

Nimushire mungiro imisi yose ivyo mwize , kandi imbere yo kubibwira abandi ngo babikore banza namwe mubikore,gutyo,gutyo!



IVYIYUMVIRO VYO GUHEREZAKO

- Dushaka gukorera mu migwi yigwiza. Igihe mutanguye umugwi utigwiza ntimwiganyire! Ni mugerageze bushasha. Uracari umuco mu mwiza!
- Umwibutsa w'umwirutsi rurangiranwa : "Muzobura 100% y'ivyo mutigeze mumenya!"
 - Rero : nimugende ntimutinye ababavuga nabi canke ababiyumvira nabi.

INCAMAKE YO KUBA UMWIGISHWA WA YESU KRISTO

IMIGWI YA BIGLIFE irakoresha n'abatari abakristo [uruhererekane KUMENYA ; Uruhererekane KUKWIZERA akarorero ka YOHANA] canke n'abandi bigishwa baYesu [Uruhererekane rwo GUTERANA INTEGE. Nkuburyo bwo kubafasha gutera imbere murugendo gw'Impwemu. Nimuje mu mugwi uzoba umuryango wanyu. Nk'uburyo bwo kubafasha gutera imbere mu rugendo rw'Impwemu. Nimuje mu mugwi uzoba umuryango wanyu w'Impwemu w'intango kandi uhoraho. Murashobora gukoranira mu nzu iwanyu canke mu kibanza kanaka mushaka. Umwanya uwo ariwo wose gerageza kuba uwuhimiriza canke gufasha uwundi w'infata kibanza gukorera cane kumugwi mushasha. Iryo bitegerezwa gukorerwa aho bakoraniye. Abigishwa ba Yesu bashasha bategerezwa guca ku ntambwe ya mbere. Iyo ntambwe kandi itegerezwa gukoreshwa n'abakristo bari mu migwi , kugira bigishwe guhindura abandi abigishwa ba Yesu.

KUBERA IKI ? NANDE? GUTE ? Iki ni igikorwa c'ishimikiro mu gutanguza ubuzima bw' umwigishwa wa Yesu. Gitegerezwa gukoreshwa igihe mwazanye abizera bashasha kuri Yesu, kugira batangure urugendo gwabo mu nzira nziza nokwiga ingene bosangiza abandi ukwizera kwabo, noguhindura abigishwa abo bazanye kuri Yesu. Gitegerezwa kandi gukoreshwa ku bakristo kugira bigishwe gusangiza abandi ukwizera kwabo no kubahindura abigishwa. Intambwe yambere n'ivyigwa 8 vy' ishimikiro bitegerezwa gukoreshwa inyuma y' ubuhinga: KUBERA IKI? NANDE? GUTE? , kuberako abigishwa bashigwa mu mugwi kugira bigishwe ivyigwa 8 vy' ishimikiro canke nk'umushingire wo guhindura abantu abigishwa ba Yesu.

URUTONDE RW'ABABANTU MUSHOBORA KUBONANA [ABANTU 20 CANKE 100] Rutegerezwa gukoreshwa ningoga n' abizera muzanye kuri Yesu. Urwo rutonde kandi rurashobora gukoreshwa n' abandi bigishwa nk' igikoresho cobafasha gukura mu gikogwa. Mutegerezwa kandi kuba namwe mwararukoresheje kandi mukanasuzuma rimwe kumwaka. Rutegerezwa kuba rwakozwe hisunzwe ubuhinga: Kubera iki? Nande? Gute? . Urashobora kugira urutonde rw' abantu 20 batari abakristo, mukwigisha umuntu wazanye kuri Yesu Kristo.

Ibikoresho **INTAHE Y'AGAKIZA KANJE N' INTAHE Y'IMANA** [Gushingira abandi intahe no kubabwira Ubutumwa Bwiza] bitegerezwa gukoreshwa n'ingoga n'abantu mwazanye kuri KRISTO. Izo ntahe zirashobora gukoreshwa kandi n'abigishwa nk' igikoresho kibafasha mu gukura kwabo. Mutegerezwa kandi kubanza kubikora ubwanyu kumwaka kumwaka ; kugira ngo mushingire abandi intahe. Iryo bikoresho vyunganira ubuhinga: Kubera iki? Nande? Gute?".

Isengesho ry'umuzingi rimara isaha imwe: rirakoreshwa incuro nyishi. Rigufasha **GUSENGERA HAMWE** n'abigishwa bagenzi bawe.

AMASENGESHO YO GUTEMBERA : ategerezwa gukoreshwa bivanye n'igikenewe. Nimufate akamenyero ko gukora urugendo muriko murasenga buri gihe. Murashobora gukorana urugendo muriko murasenga n'abandi bizera nk' inzira yo kubafasha gukura mu kwizera.

IMIGWI YO GUHIMIRIZA: Igizwe n'abakristo bashira mu ngiro itegeko Yesu yabasigaranye ryo guhindura abantu abigishwa. Bahimirizwa gusangiza intahe zabo n'Intahe y'Imana n'abandi mugukoresha ubuhinga: Kubera iki? Nande? Gute? Abatari abakristo: kubigisha no kwongera kubatumirira canke kubahamagarira gusenga kugira Ubutumwa bwiza bukwire hose.

IMIGWI Y'INSIGURO Y'ABIGISHWA: ikogwa mukwigisha abakristo bari mumashengeru no gutanga inyigisho ku migwi y'abantu benshi. Ubwa mbere koresha: kubera iki? Nande? Gute? No kubaha ICIGWA CA MBERE.

UMWIMENYEREZO W'AMEZI ATATU



kora uyu mwimenyerezo : Andika urutonde rw'amazina y'abantu 100 muri ibi bibanza biri aha hepfo mushobora guhura:

Ngiye gusangiza INTAHE Y'AGAKIZA N'INTAHE Y'IMANA[Inkuru nziza] n'abantu bakurikira:

Ngiye guhamagarira abantu bakurikira kugutanguza UMUGWI wo kunywa na no gukura hamwe nanje :

Ngiye kugira inama abantu bakurikira ku gutanguza imigwi yabo: UMUGWI WO KUNYWANA GUKURA uzobafasha kubikora :

Ngiye guhamagarira abantu bakurikira kuza mu MUGWI WO KUNYWANA NO GUKURA, UMWIZERO, AKARORERO KA YOHANA, N'IHISHURIRWA kubanyavyaha :

Ngiye guhamagarira abantu bakurikira kwifatanya nanje mu RUGENDO RWO GUSENGA

Ngiye gukoresha ubuhinga kubera iki ? Nande ? Gute ? mugufasha abantu bakurikira kugira basangize intahe zabo n'intahe y' Imana n'abandi no kugira urutonde rw'abantu baho babaye bashobora kubonana nabo :

Ngiye gutanguza UMUGWI WO GUHIMIRIZA mu mashengero canke mu bibanza bikurikira :

Nzokora URUGENDO NDIKO NDASENGA incuro..... Buri _____.

Tuzokora ASENYESHO Y'UMUZTNGI incuro buri _____.

Iyindi myimenyerezo :

AMAKURU KURI BIGLIFE:

Urubuga (ngurukanabumenyi): www.big.life

GUTANGA: Igihe mwifuza gukorana na Biglife mu vy' ubutunzi mu ntumbero yo kudufasha kubandanya igikorwa cacu arico: Kwigisha abantu bo kw' Isi yose gushikira abagenzi babo, incuti zabo, imiryango, ababanyi mu kubahindura abigishwa ba Yesu Kristo" murashobora gutanga intererano yanyu kurubuga(site web) canke mukarungika sheke zirihwa kuri "Biglife"aha hakurikira:

Biglife
Agasandugu ka POSITA 110431
Konte /Naples, FL 34108

ISENGESHO: Murashobora kwiyandikisha kugira muronke amasengesho canke tukaza tugasengera hamwe ku murongo isengesho rya buri ndwi rimara umwanya wategekanijwe. Ukeneye ayandi makuru nije ku rubuga ngurukanabumenyi rwacu.

INYIGISHO: Igihe mwifuza gutegura inyigisho canke mwifuza kuronka ibikoresho vy'inyigisho , rungike ibibazo kuri : training@big.life

IBIKORESHO MFASHA NYIGISHO :

Ukeneye kumenya ibindi vyinshi bijanye nibikoresho vy' inyigisho dukoresha.

IGITABU C'INYIGISHO :
<https://big.life/training/>

IVYONGEWEMWO
BIRI KU MPAPURO ZIKURIKIRA

IBATISIMU

Ibatisimu ni "ishusho/ikimenyetso" yerekeye Ubutumwa Bwiza isigura ugupfa, uguhambwa, no kuzuka kwa Yesu Kristo. Irafatanye n'ukwizera kwacu muri Yesu Kristo nk'umukiza wacu. Ibatisimu ubwayo s'igikorwa c'agakiza, ariko iri mu bigize ukwizera kwacu nk'igikorwa co kwatura ku Mana ko wiyemeje gukurikira Yesu Kristo nk'Umwami w'ubuzima bwawe. [Abaroma10: 9-10] Soma igitabu c'ivyakozwe n'intimwa: N'ibiki vyabaye mww' iyi mirongo?

- 2:37-41
- 9:17-19
- 18:8
- 22:14-16

IBIBAZO BINE:

1. Ninde aronka Ibatisimu? [Ivyakozwe 2:38]
2. Niriyari aronka Ibatisimu?
3. Ninde atanga Ibatisimu? [Matayo 28:19, Yohana 4: 2, Ivyakozwe 8: 35-38; 10: 47-48]
4. Nigute dushobora kuronka Ibatisimu? [Mariko 1: 9-10]

Igihe mukeneye kubatizwa, ninde ategerezwa kubabatiza kandi ryari? Nimba mwaramaze kubatizwa, mwarakwirikije itegeko rya BIBILIYA :kwumviriza, kwizera, kubatizwa? Murakeneye gukemura ico kibazo? Muri Bibiliya ibatisimu iba igihe umuntu ahisemwwo kwihana maze agakurikira Yesu; n'ukuvuga inyuma y'igihe gito amaze kwakira Yesu Kristo kubw'ukwizera.

AMATEGEKO Y'INTANGO YO KUBATIZA

Muhagaze mu mazi menshi akwiye kandi ahantu harehare (n'imiburiburi 1m) , nimubatize uwo muntu mumufashe amaboko n'ukuboko kwanyu kw'ukubamfu. Nimushire ikiganza canyu c'iburyo kumugongo wiwe. Nimumubaze ibi bibazo bibiri kandi mumuhe akaryo ko kuvyishura neza:

"Warakiriye Yesu Kristo nk' umwami n' umukiza wawe? Wifuza kumwumvira no kumukorera nk'umwami ubuzima bwose usigaje kubaho aha kw'isi? "

Hanyuma vuga aya majambo:

"Nkurikije ukwizera kwawe kuri mu Mwami Yesu, ubu ndakubatije mw'izina rya Data, n'iry'Umwana, n'irya Mpwemu Yera."

Nimumusabe gupfukama canke kuryama igihe muriko muramumanura mumazi n' ukuboko kwanyu kw'ukubamfu, egereza ibiganza vyawe n'icawe mumaso hiwe. Mushigikire ukoreshije ikiganza cawe c'iburyo mu kugikura kumugongo ukagishira kw'izosi ry'uwo muntu. Nimumanure uwo muntu wese mu mazi, hanyuma mumwiburure mu mazi.

AMEZA Y'UMWAMI [INGABURO YERA]

1. Nimurondere umukate n'umutobe canke umuvinyu.
2. Nimurongorere umugwi wanyu mu mwanya wo kwiyumvira mu kwatura no kwihana ivyaha vyabo.
3. Nimusome 1Abikorinto 11.23-24: "nk'uko ico nahawe n'Umwami arico nanje nabashikirije y'uko Umwami Yesu mw'ijoro yaguzwemwo , yabiriye umutsima akawushimira Imana , akawumanyagura akavuga ati, "Uyu n'umubiri wanje ubatangiwe, murahora mugira mutya ngo kube icibutso canje/munyibuka. "
4. Abanywanyi b'umugwi wanyu nibace barya umukate.
5. Nimubandanye gusoma 1 abikorinto 11.25: "N'igikombe akigenza atyo , arababwira ati," Iki gikombe n'isezerano risha ryo mu maraso Yanje; murahora mugira mutya ngo kube icibutso canje/munyibuka. "
6. Abanywanyi b'umugwi wanyu nibace banywa umutobe canke umuvinyu wo kumeza y'Umwami.
7. Nimubandanye gusoma 1 Abikorinto 11.26: "Uko murya uwo mutsima kandi munywera kuri ico gikombe, muba mumenyekanisha urupfu rw'Umwami Wacu, kugeza aho azozira."
8. Nimurangize ameza y' Umwami musenga kandi munaririmba indirimbo.

GUSOMA IJAMBO RY'IMANA UKURIKIJE URUTONDE RWA I.U.I.I.S

Twebwe nk'abigishwa ba YESU , dutegerezwa gusoma ivyanditswe vyera ku musi ku musi.Uburyo bumwe mu bwo tworongorerwamwo ugusoma igisomwa ibice canke ibigabane biri hagati ya 25-30 muri BIBIRIYA buri yinga.mu gihe ufise ifishe canke ikirangamisi kigufasha gusoma BIBIRIYA ku musi ku musi ca I.U.I.I.S. biragufasha gutahura;kwumvira no gusangiza abandi ivyo wasomye. I.U.I.I.S. ni impfunyapfunyo:


- **IVYANDITSWE VYERA:** Andika umurongo umwe canke myinshi y'ikimazi mu buzima bwawe uyu musi.
- **UMWIHWEZO :** Andika kandi ibice canke amajambo y'inkoramutima mu buzima bwawe kandi ukoreshe amajambo usanze umenyereye wewe ubwawe kugira urushirizeho gutahura canke utahure neza.
- **ISHIRWA MU NGIRO :**lyumvire canke wibaze utumbereye: ni gute ushobora gushira mu ngiro ivyo dutegereye ukora mu buzima bwawe?
- **ISENGESHO :**Andika isengesho ubwira IMANA ivyo wigishijwe canke watahuye n'ingene ugomba kubibamwo canke kwumvira IMANA N'IJAMBO RYAYO.
- **SANGIZA ABANDI :** Saba IMANA ikurongore gutahura ni nde agomba umufashe gusaba ubushobozi canke inkomezi muri KRISTO vyerekana ico watahuye canke wize/ico wubahira IMANA.Hano turafise akarorero k'ingene twokora twisunze I.U.I.I.S.
 - ❖ **I** "Kuko ivyiyumviro vyanje atari vyo vyiyumviro vyanyu;kandi inzira zanje atari zo nzira zanyu;niko UHORAHO agize.Mbere nk'uko ijuru ryitanguye isi niko inzira zanje zitanguye inzira zanyu;n'ivyiyumviro vyanje vyitanguye ivyiyumviro vyanyu." [YESAYA55: 8-9]
 - ❖ **U** Nk'umwana w'umuntu,jewe ndi muto mu vyo maze gutahura mu bijanye no gushir mu ngiro. IMANA irahambaye mu nzira zayo zose. Irazi kandi irabona IKINTU ICARICO COSE.Irashoboye VYOSE.
 - ❖ **I** -Kuberako IMANA izi vyose;inzira zayo zose ziratunganye kandi ni akaroruhore, ibikorwa bizogenda neza cane gose mu buzima canke mu bugingo bwanje ninamukwirikira inyuma yo kwizigira jewe nyene inzira canke uburyo bwo gukora ibikorwa.
 - ❖ **I** - MANA, sinzi kubaho ubuzima bwiza buhimbara wewe canke bukunzezeza kandi bwo gufasha abandi.Inzira zanje canke uburyo mbayeho biragaragaza amakosha canke ukwihenda. Ivyiyumviro vyanje bigaragaza imibabaro canke gutakaza ivyizigiro.Kumwe n'ivyo, untunge canke untabare unyigishe inzira n'ivyiyumviro vyawe.Ooh MPWEMU YERA andongore mu buzima bwanje bwose.
 - ❖ **S**-Nzosangiza ibibice n'imirongo hamwe n'abagenzi,Tefano,arakeneye kubona intumbero y'icemezo canke intumbero ihambaye yiyemeje.


INYUBAKO Y'UMUGWI WA BIGLIFE KU BATARI ABAKIRISTU

Iyi ni incamake mu ntumbero y'urutonde rw'umugwi wa Biglife ku batari abakirisu mu gihe co gukwurikiza intunganyo y'ibiringo [3/3]. Nk'uko bisanzwe canke ni kamenyere kugira igice kimwe kuri bitatu 1/3 mu biringo bitatu turikumwe nabo, naho wewe woba ugomba kuryohora ivyo, ku bw'ivyo iyo nzira canke ubwo buryo nk'akarorero ichiturwa canke icankenerwa ni ukwitwararika ubuzima bw'impwemu. Uramenya canke uribuka, urakeneye kwumviriza abigishwa bawe igihe uriko urabigisha, kwumvira canke kwubaha, no kuraba ivyo abandi bariko bariga. Ibindi bintu nko kugira imbono n'imyimenyerezo ni mpaka yongereze umuvuduko wa gihutihuti urashoboka nk'uko wiyumvira abatari abakirisu hagati mu migwi iteguwe ku bwabo.


IGIHAMBAYE CANKE ICITONDERWA: Gerageza cane kuronka abantu hagati mu mugwi kugira ngo ushobore guhuza umwanya wawe hamwe n'inyubako musu y'ivyo canke hambavu y'ivyo kugirango ntibame bafise ivyizigiro kuri wewe kurongora ugukorana kwanyu buri yinga. Urashobora kandi gukoresha igicapu/igishushanyo washushaniye no gushira ibibazo bikwirikira mu nkomezi nshasha canke kuvyandika ahandi ku kimanyu c'urupapuro hanyuma umubwire korongora ikiganiro canke ikiyago. Iryo bizofasha gukuza canke guteza imbere abarongozi.

← SUZUMA IVYARANGIYE/IVYARANGUWE CANKE RABA INYUMA


 **Intererano:** Gusangirira hamwe ivyo kurya imbere canke inyuma y'umwanya wanyu wo gukorana canke umwanya wo kwiryohera canke w'utugenegene mu ntumbero yo kugarura ubwenge/kuruhuka. Gusangizanya inkuru ku vy'iyi yinga, canke ivyo twasengeye IMANA yishuye. Kubaza ingene iyinga yagenze kuri buri muntu wese ari mu mugwi. Mu gihe umuntu uwariwe wese yiyemeje mu mutima wiwe, gusenga ku bwiwe / bwabo, no kwicara inyuma y'intererano ku muntu mukuru canke ahambaye.

 **RABA HEJURU CANKE HANGA AMASO MW'IJURU.** Baza ikibazo, "Iyinga irangiye wavuze ko igisomwa c'IJAMBO RY'IMANA cari categekanyijwe cavuze ku buzima bwawe kandi na wewe ukavuga ko ugukora mu ntumbero yo gushira mu ngiro ivyo mutahujwe. None Urafise ubushobozi bwo gukora ivyo IMANA yavuze ko ubwirizwa canke uhamagarirwa gukora?"

↑ HANGA AMASO MW'IJURU

 **Senga. Ganira n'IMANA mu majambo make** canke mu mwanya muto. Ubaze IMANA ikwigishe integuro ndongorabikorwa canke intunganyo y'iyi yinga.


 **Soma hanyuma muhanahane ivyiyumviro. Soma hanyuma mwihweze iyo mirongo.**

 *Ni igiki wakunze muri uwo/iyo mu/mirongo canke ni igiki wakunze cane kandi ni igiki cagufashije muri uwo/iyo mu/mirongo?*




 *Ni igiki udatahura canke cakugoye gutahura?*

 **Soma integuro canke intunganyo y'iyinga.**

 *Ni igiki kiriko kirakoreshwa mu ntumbero y'IMANA ku bijanye n'iyi ntunganyo?*

 *Ni igiki kiriko kirakoreshwa ku bw'abantu muri iyi ntunganyo?*

→ RABA IMBERE CANKE SHISHIKARA

 +  →  **Kwumvira/kwubaha no kwunga ubumwe.** Ni wibaze ibikwirikira n'ingene canke uburyo wovyishura mugufata nkama imirongo imwimwe canke ibipfungu vy'imirongo vya BIBIRIYA kubwo kuganiriza abagize umugwi wawe. Ni vyiza gusenga nk'umugwi, umwe wese asenge kandi mu ntumbero yo kwishura ibi bibazo bitangura. Murangije canke biheze gushirahamwe canke kwegeranya nk'umugwi; mu gihe ufise inyishu y'umwe canke ya babiri y'ibi bibazo. Aka gace kavuga wewe nyene ubwawe uko uri? Mbega, hari ico ugomba gukora mu ntumbero y'ivyo? Mbega urashobora gushikira umuntu wewe nyene ugomba canke ushaka gusangiza ivyo no kubafasha abandi kumenya IMANA gusumba uko bari bayizi?

URUKURIKIRANE RW'INYIGISHO Z'UMUGWI URONDERA ABATARI ABAKRISTO



Nimukoreshe iyi mirongo muri urwo rukurikirane ku VYIZIGIRO N' IBIMENYETSO VYA YOHANA ku gihimba "KURABA HEJURU" c'umugwi wanyu. Umugwi wanyu urashobora gukenera imibonano myinshi kubw'imirongo imwe imwe.

URUKURIKIRANE KU VYIZIGIRO [KUBARONDERWA]

1. Ivyizigiro ku banyavyaha: Luka 18: 9-14
2. Ivyizigiro ku bakene: Luka 12: 13-34
3. Ivyizigiro ku bataye Imana: Luka 15: 11-32
4. Ivyizigiro ku bazimiye: Luka 19: 1-10
5. Ivyizigiro ku bapfuye: Yohana 11: 1-44
6. Ivyizigiro ku barondegwa: Yohana 3: 1-21

IBIMENYETSO VYA YOHANA [ku bashakashatsi]

1. Guhindura amazi umuvinyu : Yohana 2: 1-12
2. Umwana w'umutware akizwa ingwara: Yohana 4: 46-54
3. Ugukira ingwara kuwaragwariye ku kidengeri : Yohana 5: 1-17
4. Yesu agaburira abantu ibihumbi bitanu: Yohana 6: 1-14
5. Yesu agendagenda hejuru ku mazi: Yohana 6: 15-25
6. Ugukira kw'umuntu yavutse ari impumyi: Yohana 9: 1-41
7. Ukuzuka kwa Lazaro: Yohana 11: 1-46
8. Yesu wenyene niwe nzira idushikana kuri Data: Yohana 14: 1-11

URUKURIKIRANE [IVUMBUGWA]



[KU MIGWI Y'IFUZA KUGIRA UBUSHAKASHATSI NO GUTAHURA NEZA BIBILIYA CANKE KU BASHAKASHATSI]

Ifashishe iyi mirongo ikurikira mu kiringo ca "RABA HEJURU"yo mu mugwi wanyu. Mumugwi wanyu murashobora kurabira hamwe uwundi mwanya wiyongerako kugirango mushobore kwiga imirongo imwimwe yo muri bibliya.

TAHURA IMANA –IMANA NI IKI ? ISA GUTE?

1. Iremwa - Itanguriro 1
2. Iremwa ry'abantu - Itanguriro 2
3. Gucumura kw'abantu - itanguriro 3
4. Nowa n'umwuzure –Itanguriro 6: 5-8: 14
5. Isezerano ry'Imana kuri Nowa - Itanguriro 8: 15-9: 17
6. Imana Ivugana na Aburamu -Itanguriro 12: 1-7; 15: 1-6
7. Imana ni iyera [nta caha ifise] – Abalewi 19: 2; Gusubira mu vyagezwe 32: 3-4
8. Ivyagezwe vy'Imana ku bantu bayo - kuvayo 20: 1-21
9. Dawidi aba Umwami wo muruvyaro rw'Aburahamu - 1 Samweli 16: 1-13; 2 Samweli 7: 1-28
10. Umwami Dawidi na Baritisheba - 2 Samweli 11: 1-27
11. Inkuru ya yonatani - 2 Samweli 12: 1-25
12. Dawidi asaba imbabazi ku caha yakoze - Zaburi 51: 1-17
13. Imana isezerana ko Umukiza azoza - Yesaya 53

GUTAHURA YESU - YESU NINDE? NI KUBERA IKI YAJE?

1. Umukiza yavutse - Matayo 1: 18-25
2. Ibatisimu ya Yesu - Matayo 3: 7-9, 13-15
3. Gusenda aba dayimoni - Mariko 5: 1-20
4. Yesu ntashobora gutakaza intama ziwe - Yohana 10: 1-30
5. Yesu akiza impumyi - Luka 18: 31-42
6. Yesu na Zakayo - Luka 19: 1-9
7. Yesu na Matayo - Matayo 9: 9-13
8. Yesu nta caha afise - Abaheburayo 4: 14-16; 10: 1-14
9. Yesu wenyene niwe nzira - Yohana 14: 1-15
10. Ukuza kwa Mpwemu yera - Yohana 16: 5-15
11. Yesu asangira iryanyuma n'abigishwa - Luka 22: 14-20
12. Bafata Yesu - Luka 22: 47-53; 23: 13-24
13. Urupfu gwa Yesu - Luka 23: 33-56
14. Yesu ni muzima - Luka 24: 1-7, 36-47; ivyakozwe n'intumwa 1: 1-11

15. Yesu azogaruka guca urubanza ku bari mw'Isi bose - 1 ab'i Tesalonika 4: 16-17; Matayo 25: 31-46

GUTAHURA UBUZIMA RUKRISTO - NI GUTE TWOBASHA NK'ABA KRISTO?

1. Duhinduka abakristo mugihe twizeye Yesu kandi tukamusaba ngo aduharire ivyaha vyacu - Ivyakozwe n'intumwa 2: 36-41
2. Hamwe no gutahura neza agakiza kacu - 1 Yohana 5: 11-13; Abanyefeso 1: 13-14
3. Gutahura neza ko wahariwe ivyaha - 1 Yohana 1: 9
4. Hamwe na Mpwemu Yera aba muri twebwe - Yohana 14: 15-18; Tito 3: 4-6
5. Hamwe na Mpwemu Yera atuma twama ivyamwa mu buzima bwacu - Abigalatiya 5: 22-23
6. Kugiriranira imigenderanire myiza n'abandi ba Kristo - Abaheburayo 10: 24-25
7. Kumarana umwanya n'Imana [Gusenga no gusoma ijambo ryayo] - Mariko 1:35; Zaburi 19: 7-11
8. Mugutsinda icaha - 1 Petero 1: 13-25; 2: 1-3
9. Mu kuba mu rukundo - Matayo 22: 36-40; 1Ab'ikorinto 1: 1-7
10. Guhindura abigisha no kubigisha kwitondera ivyo Yesu yadutegetse - Matayo 28: 19-20
11. Gutanga unezerewe - 1 Ab'ikorinto 16: 1-2; 2Ab'ikorinto 9: 6-8
12. Mu gukoresha ingabire za Mpwemu Imana yaduhaye - Abaroma 12: 1-8

URUKURIKIRANE [UGUKOMEZANYA]

[KU BIZERA BASHASHA CANKE KU MIGWI ISHIMIKIRA
CANECANE MUGUTEGURA ABIGISHWA]



Kwiga kwubaha amategeko 7 y'ishimikiro Yesu yaduhaye. Kubandanya twamamaza canke dusangiza inkuru y'ivyabyo abantu bari ku rutonde gwawe.

1. Kwiga no gukora - Yohana 14: 15-21
2. Kwihana kwizera gukurikira. Mariko 1: 14-17, Abanyefeso 2: 1-10
3. kubatizwa - Matayo 28:19, Ivyakozwe n'intumwa 8: 26-38
4. Urukundo rw'Imana. Ukunde abantu - Luka 10: 25-37
5. kunywa n'Imana mu gusenga - Matayo 6: 9-13.
6. Kwibuka ingaburo yera ya Yesu - Luka 22: 14-20, 1 Ab'ikorinto 11: 23-32
7. Gutanga - Ivyakozwe n'intumwa 4: 32-37
8. Isunge - Matayo 28: 18-20

Kunyigana uko ndi. Guhindura abigishwa. Gusangiza abandi ivyo wigishijwe. Kwigisha abo bantu ingene nabo bashobora kubisangiza abandi.

1. Kuronka umwigishwa [Timoteyo yari umwigishwa wa Paulo] - 2 Timoteyo 1: 1-14

2. Gushikiriza abandi ivyo wigishijwe, no kubigisha nabo kubisangiza abandi - 2 Timoteyo 2: 1-4, 14-16
3. Gushishikara gushira mungiro ivyo wakiriye; kwirinda abigisha b'ibinyoma - 2 Timoteyo 3: 1-17
4. Kurindira na kugaba - 2 Timoteyo 4: 1-8

Kugwiza imigwi ya BIGLIFE. Shira abigishwa bawe mu migwi mishasha.

1. Gutangura no gushiraho urutonde rwo gukorerako ; kurondera umuntu w'amahoro - Luka 10: 1-11.
Umviriza inyigisho za Yesu kandi wongera utanguza umugwi mushasha.
2. Gukoranira hamwe - ivyakozwe n'intumwa 2: 36-47
3. Umuntu w'amahoro [igice ca 2] - Mariko 5: 1-20. Rondera abantu bipfuzaga gusangiza abandi intahe zabo ku bwa Yesu. Tangaza umugwi hamwe n'uwo muntu ,n'abagenzi biwe hamwe n'umuryango wiwe.
4. Ninde yiteguye ?- Matayo 13: 1-9, 18-23

Genda mu kibano. Kwiga ingene ushikira abantu mu kibano cawe .

1. Genda mu kibano cawe - Ivyakozwe n'intumwa 1: 1-8
2. Fasha abakene. Gusangira Ubutumwa bwiza - Luka 7: 11-23
3. Kugenda aho Imana yabatumye hose - ivyakozwe n'intumwa 10: 9-48
4. Genda ufise intumbero - Ivyakozwe n'intumwa 13: 1-3, 32-33, 38-39; 14: 21-23, 26-27

Kugenda :kw'Isi yose -Kwiga ingene twoshika kw'Isi yose .

1. Genda mu mahanga yose – Ivyakozwe n'intumwa 1: 1-8 Matayo 28:19-20
2. Kugenda aho Imana igutumye hose. -Ivyakozwe n'intumwa 8:26-40
3. Imana irakunda imigwi yose y'abantu mu butandukane bwabo –Jean 4 :4-30,39-41;Ivyahishuwe 7:9-12
4. Genda ufise intumbero -Ivyakozwe n'intumwa13: 1-3;32-33;38-39;14:21-23;26-27

Ibuka ibintu bihambaye vy'intango canke vy'urufatiro : ni igiki co gukora mu gihe mukoranye?

1. Yesu ni uwa mbere -Ab'i filipi 2: 1-11
2. Kuvugana n'Imana - Matayo 6: 5-15
3. Ikoranira -Abaheburayo 10: 23-25
4. Bibiliya - 2 Timoteyo 3: 10-17

Kwiyemeza. Iga kugumya ico wakiriye no kubandanya ukurikira Yesu.


1. Kutumvira - Yona 1
2. Kwiyemeza - Yona 2
3. kwumvira - Yona 3
4. kwumvira muri vyose - Yona 4

HAKURIKIRA IKI? Hitamwo imirongo yo muri Bibiliya kandi mubandanye kuza murakoranira hamwe.


Koresha ibibazo nk'ivya mbere hamwe na rwa rutonde rukoreshwa mugihe imigwi ikoranye.

UBURYO BWO GUTANGA ICEGERANYO C'AMAKURU Y'UMUGWI WANYU


AMAZINA Y'UMUKURU WUMUGWI



Ikibanza / umusi umugwi utangura/abawugize



IBICE BINE BIGIZE IMPANURO



← RABA INYUMA:

Mbega washoboye gushika ku ntumbero zawe izihe uku kwezi?

Umwitwarariko wawe wari uwuhe? [Ishengero,umugwi, abigishwa;...]

Wifataniye n'umwitwarariko gute?

Wizera canke ufise ivyizigiro ko ari igiki co tuma ibikorwa bigenda neza?
[Ishengero;umugwi;abigishwa;n'ibindi]

↑ TAZHANGA AMASO MW'IJURU:

Ni igiki IMANA ikweretse muri uku kwezi?

Ndagusengere ku biki ?

→ RABA IMBERE

Intenguro y'ivyo ugomba gushikako muri uku kwezi ni iyihe ?

Ni iyihe nteguro canke umugambi ufise mu gukomeza bashasha?

N igiki nogufasha muri uku kwezi?

URUTONDE RUTOMOYE RW'INYIGISHO (AGUGUKA)

	EREKANA AKARORE RO	FASHA	IHWEZE	BAREKE BAKORE IBIKORWA
	D1	D2	D3	D4
	Umwigisha ararongora kandi akerekana ivyo gukora	Umwigisha ararongora akongera agafasha	Umwigisha arafasha agashira ibikorwa vy'abanyamugwi	Umwigisha ariko abwigwa amakuru y'umugwi
	Nturabihurira kandi nturatangura kubikora	Uramaze gutangura kubikora ariko uragomba ko bagufasha	Uramaze gutahura kandi urako urakora ariko uraca fise ibibazo	Uramaze kubitahura nta bibazo ufise kandi uriko urabikora ;ntukeneye gufashwa
Yagira abandi intahe yawe y'AGAKIZA				
Bwira abandi intahe y'urukundo rw'IMANA				
Umugwi w'abantu muzinanye [Urutonde rw'abantu 20 canke 100]				
Guhindura abandi abigishwa /urutonde rwa bata				
Guhuza n'urutonde rwa 3/3 [shitsa, igisha,sangira]				
Ishengero [Kunda IMANA ,Kunda abandi,hindura abandi abigishwa]				
Kuba mu migwi ibiri				
Kurongorera abandi mu migwi ibiri AGGK				
Mubazanye amakuru mu migwi				
Umuntu yigaburire wenyene ubwiwe mu buryo bw'impwemu				
*Kuba uriko urasoma IJAMBO RY'IMANA ku musi ku musi				
*Gusenga - Vuga/umviriza				
*Baho nk'ingingo zigize umubiri umwe – ubumwe,hagati y'umuntu na mugenzi				
*Ingorane ivyago canke n'ibigeragezo				
Amaso abona ni hehe ubwami butarashika kandi bukenewe				
Kurondera abantu b'ababanyamahoro				
Kugira isengesho uri kurugendo canke uriko uratembera				
Kuba ufise canke gufita Ishengero :				
*Kuja hamwe n'abandi				
*Guhimbaza no Gutazira				
*BIBIRIYA				
*Umubatizo				
*Ameza y'UMWAMI canke AMEZA MERANDA				
*UGUTANGA canke UGUSHIKANA [tanga umwanya,ingabire; tanga kandi n'amafaranga]				

IHURIRO RY'ABAGIZE IMIGWI BARI MU GISAGARA COSE

Bishitse;inyuma yo gutanguza imigwi;ni icyumviro ciza co kubakoraniriza hamwe vuba mu gihe bishoboka. Mushobora guhitamwo kuzohora mukoranira hamwe rimwe mu kwezi ;muhuje imitima canke ku bikorwa vy'inkoramutima n'abagize imigwi bari mu karere canke intara yose mwipfuye gukoreramwo.Ni nkenerwa kuba muri uyu umusi mukuru kuko abagize imigwi barashobora kwinjizanyamwo canke kuronka ubuzima bukuze/bwagutse canke busagutse bwo muri YESU no gufita imitima mu gihe c'ibikorwa nk'imigwi mishasha ni uburozi canke ni bibi cane guhabwa ibikogwa vy'imigwi imaze gukura canke gukomera.Aha musibatwerekana intunganyo twashobora kwisungira ku bw'ivyokorwa ku musibukuru mu gukoranira hamwe nk'imigwi yacu:

← SUZUMA IGIHE CAHEZE

Intahe: Gukoresha umwanya iyo ufise abantu bunze ubumwe canke bagiye hamwe ngo mu gushingira intahe abandi ingene bashoboye gutanguza imigwi ya BIGLIFE;ingene bazanye canke barongoreye abandi kuri KRISTO ;canke iyindi ntahe y'ivyo IMANA yabakoreye m buzima bwabo;kugirango tuzane imitima y'abandi kubaho ubuzima bwa BIGLIFE canke gushira ubuzima bwa BIGLIFE mu mitima yabo.Uwo mwanya urashobora gukoreshwa kandi gushikiriza abahurikiye hamwe muri BIGLIFE icegeranyo c'ivyaranguwe canke ivyakozwe na BIGLIFE ku rwego rw'igihugu canke rw'ibihugu mu ntumbero yo kwunga ubumwe mu gushingiranira intahe hagati y'abagize BIGLIFE kw'isi yose canke kuronswa inkuru z'abagize BIGLIFE zivuye kw'isi yose no mu mihingo yose.

↑ **HIMBAZA; TAZIRA IMANA:** Koresha umwanya wawe wo guhimbaza canke gutazira IMANA biciye mu masengesho;kuririmba;udukino;ivyese canke ibikino bitwengeje kandi bitumbereye gutanga ubutumwa bwiza;mu kwiwunga n'abandi canke kugiriranira ubumwe n'abandi;canke ukoresheje izindi ngabire za MPWEMU nyinshi mu kugaragaza umubiri wa KRISTO ko wabakoranije.Mushimire IMANA ku vyo yakoze mu buzima bw'abanyamugwi mu vyo mwumvise biciye mu ntahe zabo hamwe n'ukuntu yabahuje mukagira

→ KURABA IMBERE CANKE GUSHISHIKARA

Kwumvira; Kwigisha; Kwiwunga canke kuja hamwe n'abandi; Kwakira. Fata umwanya wo kuba hamwe n'abandi mu kubasengera kubijanye n'ingene bashakira kwumvira canke kwubaha ivyo bigishijwe mu cigwa nk'uko bafise ukugomba kwumvira canke ukwubaha ukwarikwo kwose kuri ivyo bigishijwe. N'abarongozi b'ibikorwa vy'imigwi baje hamwe n'abanyamigwi mu ntumbero yo kurabira hamwe ivyaranguwe maze baronke ibakwe/akaryo ko guhanahana intererano canke inyunganizi y'ingene iyo migwi ishobora kwiwunga no gukorana kugirango bashobore gushika ku vyo barangura.Mu gihe hari imitwaro canke ibikenewe,birashoboka gufashanya mu bumwe hamwe kandi no gusengeranira ku bwo ivyo bibazo vya BENEDATA canke kandi mu kwegeranya uburyo bw'amafaranga canke ibindi bintu vy'akamaro/agaciro nk'ibikoresho bitandukanye bishobora gufasha abo bantu mu ntumbero yo kubafasha kuva muri ivyo bibazo canke kubaremurura iyo mitwaro. Ku bafashijwe birakwiye ko bahimirizwa canke bararikirwa no gushirwa mu mitima yabo mu gusenga mu ntumbero yo kwiwumvira abakwiye gusangizwa canke kwumva inkuru zabo hamwe kandi n'inkuru w'ivy'IMANA. Ibakwe canke akaryo mugakoreshe muronse k'inyigisho iyariyoyose muhanahana mu gihe nk'ico mukoraniye hamwe muri imigwi myinshi birakwiriye ko kuba akaryo ko gushirahamwe no kwunga ubumwe hamwe no gufashanya mu mpano canke ingabire.

IMPANURO KU WURIKO AHINDURA ABANDI KUBA ABIGISHWA BA KRISTO KANDI NABO BITEGUYE GUHINDURA ABANDI KUBA ABIGISHWA BA YESU KRISTU



Intambuko zikurikira ni izo gufasha abigisha kumenyera mu bijanye n'ingene boronka kandi bakongera bagateza imbere imigwi y'abigishwa ;kandi ziratamora mu buryo bw'umwihariko ingene bizogenda mu gushika ku vyo biteze canke bizigiye:

- Abagomba gutanguza imigwi mishasha y'abigishwa ba YESU KRISTO ;iyo migwi ikaba iriko iratera imbere imeze neza barashobora kwereka abandi bantu benshi imbono cake intego kugirango abantu bake bashobora kwemera bati "ego" ko biteguye gukora.
- Abigisha barakoresha umwanya wabo mu kwegera canke kuja kuraba abariko barakora canke abari ku kivi.Igituma canke imvo ni kuberako abo ari bamwe bashaka gutanguza umwitwarariko w'umugwi. Ni gake cane abakora barenga ibice10-20% v y'abahamagariwe canke bararikiwe inyigisho za BIGLIFE. Ntukoreshe umwanya wawe munini canke ngo utakaze umwanya kuri abo batariko barama ivyamwa. Ni watumako ikiringo/igihe c'inyigisho hari ubwoko canke imigwi 4 ya bantu bazoza:
 - Abakenguzi [bamwe badakora ivyarivyo vyose]
 - Abaranzi canke barangira abandi [bamwe barongorera abandi kwakira YESU KRISTO;ariko batigera batanguza imigwi]
 - Abatanguzi/Abahishuzi [bamwe bashinga intahe bakongera bagatanguza imigwi mishasha ;ariko ntibigisha abagize iyo migwi ingene nayo yotanguza iyindi migwi mishasha]
 - Abigishwa [bamwe bashingira intahe YESU ;bagatanguza imigwi mishasha bakoresheje abakirisu bashasha canke abizeye vuba bazanye kuri YESU KRISTO ;kandi bakabigisha nabo ngo hamwe n'imigwi yabo bamenye gushinga intahe no gutanguza imigwi mishasha]
- Tegura integuro y' inyigisho hamwe n'integuro yo gutanguza imigwi mishasha mu ntumbero yo kuronka vya bice 10 % canke 20% vy'abigishwa biteguye guhindura abandi abigishwa ba YESU kandi nabo abo bigishwa nabonyene biteguriye guhindura abandi kuba abigishwa ba YESU.
- Mushire mu mitima y'abigishwa umwumwe wese gutanguza imigwi ibiri, neza cane; igituma canke imvo ituma ukora ivyo ni kubera ko inguvu zo kugwiza canke gokomeza imbono zihambaye cane.
- Birashoboka ko ugirira integuro imigwi kugira ngo iyo migwi izohure kira ndwi igira kabiri,kubw'ivyo uwigishije abandi guhindura abandi kuba abigishwa ararondera canke agafata umwanya mo guhura nabo yigishije mu ndwi yohagati [urashobora kandi gukora ivyo mu gihe c'itsitso ryo kwigwiza kw'imigwi (DNA/ADN yo kwigwiza) iramaze kwinjira hagati ,mu migwi kandi imigwi irashishikara gutera imbere.Mu ntango,birakwiye ubwa mbere na mbere gukoranira hamwe mu mugwi rimwe mu ndwi]
- Haranira gutahura no kumenyera urutonde canke uburyo rw'ibice bitatu igihe cose mukoranye!

UTUNTU N'UTUNDI MURI BIGLIFE

INTAMBAMYI ZIBUZA GUCUNGUZA UMWANYA UMWETE:UKUGABANURA UGUHUTAGIZA CANKE IGIHUTIHUTI CO GUKANGURA IMITIMA BICIYE MU MIGWI:

- **Kwubaka inyubakwa canke ingoro z'IMANA amashengero akoraniramwo**
 - Inyubakwa zitwara canke zisaba umwanya munini n'amafaranga abanyeshengero kandi si ivyoroshe kuyegeranya agwiriye.
 - Ku bw'ivyo,twebwe tarabararikira canke turahimiriza abantu igihe bakoraniye hamwe bokoranira mu nzu ;mu biro;canke ikindi kibanza icarico cose aho bashatse bashobora kurihira.
- **INTENGUO CANKE INTUNGANYO Y'ISHENGERO**
 - Abantu bagira abandi abigishwa, batagira integuro. Iyo nteguo canke intunganyo ikoresha kandi umwanya n'amafaranga. Ico ni igikorwa kitoroshe ;kvyara mu buryo bw'impwemu no gushoboza abizeye bandi nabo batere imbere nabo.
 - Ku bw'ivyo,twebwe turahimirizwa nk'ikoraniro,gufita ubuzima bwa misi yose bw'abigishwa kugira bahindure abandi abigishwa.
- **Abamisyonari canke Abakozi njanabutumwa baja gukorera hanze y'igihugu cabo**
 - Abakozi njanabutumwa baja mu makungu barakeneye kwiga indimi nshasha batari bazi kugira bagiye iyo bazivuga bazobe bazizi, imico n'akaranga, no kwubaka ubugenzi canke kwunga ubucuti n'abasangwa canke ababa basanzwe baba aho bajanye ubutumwa bwiza .Ivyo bitwara/bisaba imyaka itari mike kugira ngo bihere canke birangire.
 - Ku bw'ivyo, BIGLIFE iraha ikibanza ca mbere kurarikira ubutumwa bwiza canke kubwira ubutumwa bwiza abasangwa b'ico gisagara uriko urakoreramwo ariko kandi basanzwe biteguye kandi bazi ururimi,bazi imico n'imigenzo (akaranga)biteguye kandi bazinanye n'abandi baba muri ako karere canke aho hantu.Abo bakaba bazi kandi bashobora kugenda mu bibanza vya kure aho abakozi njanabutumwa canke abamisyonari batubanzirije canke batwitangiye imbere batashoboye gushika. Ikindi abo batwitangiye ntibashoboye kwiyumva nk'abatagira incuti canke abagenzi;incuti ;abagenzi canke abo bazinanye babaye abo barikumwe aho bashikiye bakaba nk'abibereye i muhira iwabo.Biroroshe gushoboza abamisyonari canke abakozi njanabutumwa b'imuhira guhindura ab'iwabo kuba abigishwa ba YESU KRISTO kuruta abo bandi ari abashitsi mutamenyereye mu karere.
- **Ishure rya Bibiriya**
 - Si ngombwa canke si itegeko kwiga mw'ishure ku wariwe wese mw'ishure rya BIBIRIYA kugira ngo umuntu abe umurongozi.
 - Mu gihe umuntu ashaka kuva mu kigwati canke mu gisagara iwabo mu myaka kuva kuri umwe gushika kuri ine 1 na 4 kugirango aje kwiga ishure rya BIBIRIYA, abo batakaza imigenderanire canke ubucuti n'abantu. Kandi nabo biyumvire ku bandi imbere yo kuba abarongozi b'amashengero babwirizwa canke ningombwa ko bareka kugenda kwiga ishure rya BIBIRIYA ...ivyo ntivyoroshe gukora mu ntumbero y'uko kaba akarorero ko kwigana canke kwigirako.
 - Ku bw'ivyo,twebwe tugire umwitwarariko mu buzima bwo kuba abakwirikira/akurikira YESU. Nk'umukristo amaze gukomera canke gukura mu kwizera ;wewe urashobora kandi





kuba "umwigishwa" afasha abandi gukurikira;abimenyereye kwigira ku bandi.Ivyo vyose birashobora gukoreka canke gukorwa mu gihe ibidukikije tumenyereye canke ivyo tumenyereye bidukikuje bifasha mu buzima bw'uwizeye imisi yose.

INTAMBUKO CANKE INTAMBWE ZIDUSHIKANA KU GUSHIKAMA CANKE GUKURA: IBINTU BITURONGORERA KU GUKANGURA CANKE BIZANA IKANGURO MU MUGWI

- Ibikoresho hamwe n'ivyo bariko bariga bibe vyoroshe kandi bigaragara ndetse binatahuritse (ntibibe imenamutwe), ikindi kandi birashoboka ko bikorwa n'abandi;kandi bibe vyoroshe gukwiragizwa bivuye kuri uwu yizera gushika kuri mugenzi we yizera. Kandi birasabwa twinginga ko ivyo bikoresho vyoba mu rurimi rwo muri ico kibano uriko urakoreramwo(ururimi kavukire) rw'abaho hantu.
- Gushoboza abizeye bo muri ako karere ukoreramwo nabo ubwabo bahindure abandi bantu abigishwa b'ukuri canke bo nyabo.
- Ni vyiza gusumba kuba umwe wese afise ishengeri ry'imuhira rirongowe n'abarongozi basanzwe (tubibona ari vyiza cane bihimbaye,naho ivyo bitokunda buri mwanya canke misi yose bivanye n'imvo zimwezimwe).
- Kuba ufise abigishwa bariko bariyubaka canke barubakwa mu ntumbero yo kwubaha canke kwumvira hamwe no guhanahana ivyiyumviro mu gihe co kubwirana ingene uwariwe wese ariko arumvira canke arubaha IMANA.
- Uwizeye YESU KRISTO wese yigishwa ingene yokwiragiza ubutumwa bwiza n'ingene yohindura abandi ngo babe abigishwa ba YESU KRISTO.
- Inyigisho zihwanye n'ubuzima mu duce twose tugize ubuzima mu buzima bw'abigishwa.
- Umubatizo ukorwa n'umuntu ariko uwo muntu UMUKRISTO MUSHASHA ariwe yamushikanye ku kwizera canke ku gukizwa biciye mu kumubwira UBUTUMWA BWIZA.
- Amasengesho ,ukwizera no kwumvira canke kwubaha IMANA nk'uko yabigutegetse.
- Abizeye bese bakoreshe ibikoresho vyabo vyo muri mpwemu no kwiyunga mu gihe co gukwiragiza canke kuvuga ubutumwa bwiza hamwe no guhindura abandi abigishwa ba YESU KRISTO.
- Kwisunga canke gukwirikiza igishingantahe co muri 2 Timoteyo 2: 2.
- Bizezwe no guhabwa inkomezi no gutahuzwa ukumenya ibintu bihambaye vy'inkoramutima mu kumenya kwizigira.
- Kuba uriko uriga BIBILIYA biciye mu gusesangura IVYANDITSWE VYERA n'ugusangirira hamwe n'abandi IJAMBO RY'IMANA.
- Gufita canke kugira imbono canke iyerekwa vyo kugwiza abigishwa canke kwigwiza (kugwiza umwimbu w'ivyamwa;ABAKRISTO).



5 



KUBERA IKI duhamagariwe kubwira abandi Ubutumwa Bwiza? Kuberako Imana idukunda. Igombako tubwira abandi iyo Nkuru Nziza.

AMATEGEKO ANE YA YESU (MATAYO28:19-20)

1. Nimugende
2. Muhindure abigishwa
3. Mubabatize
4. Mubigishe kwitondera



IMIHAMAGARO INE:4

1. Umuhamagaro uva Hejuru/mw'ijuru: Mariko 16:15
2. Umuhamagaro uva Hasi/kw'isi: Luka 16: 27-28
3. Umuhamagaro uva Indani/mu mugwi: 1 abikorinto 9: 16-17
4. Umuhamagaro uva Hanze/hanze y'umugwi: Ivyakozwe 16: 9

NA NDE ? Abo mukibano 20

Andika amazina y'abantu 20 batazi Imana. Basengere wongere ubabwire Intahe yawe n'iy' Urukundo rw'Imana.

GUTE? Babwire Intahe yawe .


Ubuzima bwawe inyuma yo gukurikira Yesu; n'igiki cahindutse?

← Intahe Imbere yo kwakira Yesu.

✝ Icatumye wakira Yesu n'ingene wamwakiriye

→ ? Kubaza ikibazo kibazana KwakiraYesu.

GUTE? Intahe y'Urukundo rw'Imana.



UMURWI WO GUKURA NOKUNYWANA

← RABA INYUMA

Guhimbaza no gusenga

Gusuzuma

- ✓ *Nigute mwashize mu ngiro?*
- ✓ *Nibande mwigishije?*
- ✓ *Ni bande mwabwiye intahe zanyu n'iy'Imana?*

IYEIYEREKWA:kugwiza ab'igishwa n'imigwi

↑ KURABA HEJURU

Nimusenge

Nimusome muhanahane ivyiyumviro

- 👍 *Nibiki mwakunze?*
- 👎 *Ni ibiki mwabonye bigoye mw'iri Jambo?*

Gusoma no guhanahana ivyiyumviro

Iri jambo ritwigisha iki ku Mana?

Iri jambo ritwigisha iki kubantu?

→ KURABA IMBERE

Nimusenge, Nimwumvirize Imana, Mwumvire ico Ibabwira.



UMWIMENYEREZO – Gukina ingene muzoshira mu ngiro ivyo mwize uyu musi.